



MANYÈL POU ANPLWAYE OKSILYÈ SANTE ADOMISIL



SWEN PÈSONÈL

Sa Ki nan Liv la

DEKLARASYON ANRAPÒ AK MISION	4
VALÈ FONDAMANTAL VNS HEALTH	4
BYENVINI NAN SWEN PÈSONÈL VNS Health	5
KONSÈNAN SWEN PÈSONÈL	6
POLITIK PÒT OUVÈ AK METÒD POU REZOUD PWOBLÈM YO	7
POLITIK POU GEN EGALITE CHANS NAN DOMÈN TRAVAY	9
POLITIK POU PA GEN ASÈLMAN.....	10
POLITIK POU ASÈLMAN SEKSYÈL.....	10
KONFIDANSYALITE ANRAPÒ AK DOSYE ANPLWAYE YO.....	11
FILIZOFI RELASYON AK ANPLWAYE YO	11
PERYÒD TRAVAY LA FÈK KÒMANSE	11
DOSYE PÈSONÈL	11
ORÈ BIWO.....	12
KONJE PEYE NAN AVANTAJ ANPLWAYE YO	12
DÈY	14
JOU FERYE	14
KONJE OTORIZE.....	14
ALOKASYON POU INIFÒM.....	16
AVANTAJ RETRÈT YO	16
ASIRANS SANTE	16
AVANTAJ LEGAL	17
REKONPANS POU SANTE ADOMISIL	18
JAMES R. WITHROW JR. REKONPANS HHA POU ANE A:	18
POLITIK POU PÈMAN.....	19
Kontwole Vizit yo Adistans.....	19
WÒL SIPÈVIZÈ A	20
WÒL OKSILYÈ SANTE ADOMISIL.....	20
KONFIDANSYALITE AK ETIK	21
KISA YON OKSILYÈ SANTE ADOMISIL DWE KONNEN	22
PWOSEDI ANN IJANS YO	22
DEKLARASYON ENSIDAN AK AKSIDAN	23
ECHANTIYON MESAJ:	23
SISTÈM REPONS POU IJANS PÈSONÈL (PERSONAL EMERGENCY RESPONSE SYSTEM, PERS)	24
PWOGRAM FÒMASYON.....	24
Pwosis pou Sètifika:.....	24
Fòmasyon Siplemanchè.....	24
Fòmasyon Espesyalize.....	25
PLAN POU IJANS AK KATASTWÒF	26
POLITIK POU PREZANS ANPLWAYE YO	26
EGZIJANS POU TRAVAY NAN JOU KONJE AK NAN OKAZYON ESPESYAL.....	29
POLITIK POU DISPONIBLITE.....	30
DOSYE MITYÈL.....	30

POLITIK POU TRAVAY NAN WIKENN	30
POLITIK POU SÈVIS RANPLASMAN	30
POLITIK POU REPA	30
RÈG SOU KONPÒTMAN.....	30
EVALYASYON REZILTA YO.....	33
POLITIK DOSYE VENNKAT (24) ÈDTAN	33
POLITIK POU DEMANN AK DISTRIBISYON	34
ÈD POU KLIYAN YO	34
AVI POU DEMISYON	34
RÈGLEMAN POU INIFÒM	34
POLITIK SOU FIMEN	35
PWOGRAM SANTE	35
POLITIK SOU ESPAS TRAVAY SAN DWÒG AK ALKÒL	37
DEKLARASYON DWA AK RESPONSABLITE KLIYAN YO	39
PREKOSYON AK MATERYÈL INIVÈSÈL.....	39
ENFÒMASYON ANRAPÒ AK KLIYAN VIH	40
PLAN POU KONTWÒL EKSPOZISYON – AJAN PATOJÈN SAN AN POTE	41
PREVANSYON POU EPATIT B.....	43
PAWÒL KONKLIZYON	46

DEKLARASYON ANRAPÒ AK MISION



Lillian Wald

*Pou amelyore **sante** ak byennèt moun gras ak swen sante bon kalite, ki pa chè adomisil ak nan kominote a.*

VALÈ FONDAMANTAL VNS HEALTH

- Valè fondamantal nou yo gide tout sa n ap fè
- Yo ini nou nan menm gwoup prensip ak menm konpòtman



BYENVINI NAN SWEN PÈSONÈL VNS Health

Felisitasyon! Ou fè pati yon ekip anplwaye eksepsyonèl ki devwe nan Swen Pèsonèl nan VNS Health. Kliyan nou yo ansanm ak fanmi yo souvan kalifye moun nou genyen k ap bay swen yo kòm moun ki “san parèy”, ki “janti”, ki “onèt” epi ki “pasyan”. Kòm oksilyè sante adomisil nan Swen Pèsonèl nan VNS Health, ou pral bay swen, sèvi kòm konpay ak montre konpasyon, yon fason pou nou kapab bay kontribisyon pa nou nan amelyore lavi moun k ap viv New York ki malad epi ki granmoun.

Nan chak kontak ou genyen ak yon kliyan oswa ak yon manm nan fanmi li, ou reprezante òganizasyon nou an, epi jan ou ye dwe fè moun nan santi l byen, epi tou sa dwe gen yon efè sou fason yo santi yo nan Swen Pèsonèl nan VNS Health. Nan chak vizit, ou dwe fikse objektif pou ou bay ***bonjan swen yon fason pou kliyan ou nan ka an konfyans***.

Kiyès Swen Pèsonèl la ye?

Se ou menm.

Se grasa ou ki fè Swen Pèsonèl se pi bon òganizasyon prive k ap bay swen adomisil nan zòn New York la. Ou fè yon nouvo bagay. Chak jou. Pou chak kliyan ak pou chak fanmi.

Ou ede chak kliyan rete lakay yo.

Ou akonpànye chak kliyan lè yo vle soti.

Ou ede chak kliyan kenbe diyite yo.

Ou ede kliyan yo viv pi byen. Epi ou rekonfòte yo lè yo pa kapab.

Ou pote lapè nan lespri ak sekirite.

Ou se rezon ki fè kliyan nou yo chwazi nou.

Ou se sa kliyan nou yo ap sonje.

Mèsi.

KONSÈNAN SWEN PÈSONÈL

Depi 1983, Swen pèsonèl nan VNS Health ap bay swen pèsonèl ak akonpayman, swen medikal prive (grasa RNs ak LPNs), evalyasyon pou pasyan ak pran swen granmoun pou plis pase 10,000 kliyan chak jou. Gras ak apwobasyon CHAP ansanm ak otorizasyon Depatman Sante nan New York (Department of Health, DOH), tout oksilyè sante adomisil (home health aides, HHA) ki nan Swen pèsonèl nan VNS Health suiv prensip fòmasyon DOH bay nan New York. Antanke manm nan Visiting Nurse Service nan New York, nou jwenn sipò tou pi gwo òganizasyon ki bay swen adomisil epi ki p ap chèche fè lajan nan peyi a.

Yon Trè Bon Kote pou Moun Travay

Yo toujou rekonèt Swen Pèsonèl VNS Health kòm youn nan pi bon patwon nan Vil New York. Nou plis sèvi moun k ap viv New York ki gen bezwen swen adomisil, epi nou bay oksilyè sante adomisil yo plis lè travay pase tout lòt ajans yo. An 2020, 90% nan Oksilyè Sante Adomisil nou yo te rekòmande Swen Pèsonèl VNS Health kòm yon bon kote pou moun travay.

Nou Gen yon Non yo Respekte

Antanke yon anplwaye nan Swen Pèsonèl VNS Health, nou konte sou ou pou n prezève bèl tradisyon nou genyen an epi pou n toujou kenbe repitasyon nou te travay di pou nou bati a. Lè ou koute, lè ou montre ou konprann ak lè ou fè yon efò anplis, ou ka ede kliyan ou yo pou yo viv lakay yo poukont yo epi bay yon swen adomisil moun k ap viv New York yo ka fè konfyans.

POLITIK PÒT OUVÈ AK METÒD POU REZOUDPWOBLEM YO

Swen Pèsonèl VNS Health ankouraje anplwaye yo pou yo fè administrasyon an konnen pwoblèm yo ak enkyetid yo. Yo pral jere tout enkyetid yo san paspouki.

Pafwa, manm nan yon òganizasyon kapab gen opinyon ki diferan sou kesyon ki gen rapò ak travay. Yo te mete sou pye yon pwosesis pou rezoud pwoblèm, yon fason pou revandikasyon yo, opinyon ki diferan yo oswa ensatisfaksyon yo kapab rezoud antre nou, yon fason ki bay satisfaksyon epi ki rapid.

Yo kapab konsidere kòm yon pwoblèm tout revandikasyon oswa ensatisfaksyon ki gen rapò ak aplikasyon, entèpretasyon oswa pretann yo vyole nenpòt dispozisyon ki gen rapò ak politik, règ oswa pwosedi nan Konpayi a, ansanm ak tout ensatisfaksyon anrapò ak kondisyon travay yon anplwaye panse ki pa nòmal.

Objektif pwosesis pou rezoud pwoblèm yo se ede yon anplwaye jwenn solisyon pou yon pwoblèm oswa yon revandikasyon anrapò ak aplikasyon règ oswa politik Konpayi a. Sipèvizè imedya a pral disponib pou ede anplwaye yo konprann epi suiv chak etap nan pwosesis la. Swen Pèsonèl Vns Health ankouraje pèsonèl la pou yo itilize pwosesis sa a.

Men pwosesis pou rezoud pwoblèm yo:

1. **SIPÈVIZÈ IMEDYA A:** Si pèsonèl la gen yon pwoblèm oswa yon revandikasyon, yo ankouraje l pou l diskite sa ak Sipèvizè imedya a kou sa posib. Apre Sipèvizè imedya a fin koute epi mennen ankèt sou pwoblèm nan, li pral bay pèsonèl la yon repons nan yon moman ki apwopriye. (Si pwoblèm nan se yon pwoblèm pèsonèl epi anplwaye a wè li difisil pou l pale sou sa ak Sipèvizè imedya a oswa si, pou nenpòt rezon, anplwaye a pa ta renmen fè Sipèvizè imedya a konnen pwoblèm nan, san pèdi tan, li dwe pale ak Chèf Sèvis Depatman an).
2. **CHÈF SÈVIS:** Si anplwaye a pa t satisfè ak repons sipèvizè a te bay la, yo pral transfere pwoblèm nan oswa revandikasyon an bay Chèf Sèvis la. Chèf Sèvis la pral pale sou pwoblèm nan ak anplwaye a ni ak Sipèvizè a, lè sa nesesè, selon jijman Chèf Sèvis la. Chèf Sèvis la pral bay anplwaye a yon repons nan yon moman ki apwopriye.
3. **DIREKTÈ DEPATMAN:** Si anplwaye a pa t satisfè ak repons Chèf Sèvis la te bay la, yo pral transfere pwoblèm nan oswa revandikasyon an bay Direktè Depatman an. Direktè Depatman an pral pale sou pwoblèm nan ak anplwaye a, ak Sipèvizè a, ak/oswa Chèf Sèvis la, lè sa nesesè, selon jijman Direktè Depatman an. Direktè Depatman an pral bay anplwaye a yon repons nan yon moman ki apwopriye.

4. **DIREKTÈ RESOUZIMÈN (HR) ASOSYASYON KOMÈSYAL YO:** Si anplwaye a pa t satisfè ak repons Direktè Depatman an te bay la, yo pral transfere pwoblèm nan oswa revandikasyon an bay Direktè HR Asosyasyon Komèsyal yo. Direktè HR Asosyasyon Komèsyal yo pral pale sou pwoblèm nan ak anplwaye a, ak Sipèvizè a, Chèf Sèvis la ak/oswa Direktè Depatman an, lè sa nesesè, selon jijman Direktè HR Asosyasyon Komèsyal yo. Direktè HR Asosyasyon Komèsyal yo pral bay anplwaye a yon repons nan yon moman ki apwopriye.
5. **VIS PREZIDAN PRENSIPAL:** Si anplwaye a pa t satisfè ak repons Direktè HR Asosyasyon Komèsyal yo te bay la, yo pral transfere pwoblèm nan oswa revandikasyon an bay Vis Prezidan Prensipal la. Vis Prezidan Prensipal la pral pale sou pwoblèm nan ak anplwaye a, mennen yon ankèt epi bay anplwaye a yon repons nan yon tan ki apwopriye.

POLITIK POU EGALITE CHANS NAN ZAFÈ TRAVAY

Swen Pèsonèl VNS Health se yon patwon ki bay tout moun menm posiblite epi ki pa pratike okenn diskriminasyon ki baze sou ras, kwayans, koulè, relijyon, kote moun soti, zansèt, estati etranje oswa sitwayen, laj, enkapasite oswa andikap, sèks, eta sivil, estati ansyen konbatan, oryantasyon seksyèl, kazyè jidisyè, moun ki vilnerab yon fason ereditè, estati moun ki gen viris, estati moun k ap bay swen, estati anrapò ak asistans sosyal, manm oswa patisipe nan yon komisyon lokal, oswa tout lòt karakteristik lwa federal yo, nasyonal oswa lokal yo pwoteje. Ekip administrasyon Swen Pèsonèl VNS Health la detèmine pou fè respekte politik sa nan kad rekritman, bay moun travay, klasman, pwomosyon, transfè, fòmasyon, alokasyon, avantaj, aktivite anplwaye yo ak konpòtman yo yon fason jeneral nan travay la.

Swen Pèsonèl VNS Health la pral fè efò pou jwenn aranjman ki rezonab pou fè fas ak limit fizik oswa mantal yo konnen anplwaye oswa moun k ap aplike pou travay yo genyen, sof si aranjman an kapab lakoz gen gwo difikilte pou fonksyonman konpayi Swen Pèsonèl VNS Health yo.

POLITIK POU PA GEN ASÈLMAN

Politik Swen Pèsonèl VNS Health la entèdi asèlman volontè oswa envolontè yon moun kont yon lòt sou baz tout klas ki pwoteje, sa pa gen ladan sèlman ras, koulè, kote moun soti, andikap, relijyon oswa laj. Politik sa a pa gen pou objektif kontwole moralite pèsonèl anplwaye Swen Pèsonèl yo, men li la pou bay garanti nan espas travay la, pa gen moun k ap asele yon lòt moun.

Tout anplwaye ki nan administrasyon an pral gen responsablite pou fè politik sa a byen fonksyone. Tout anplwaye ki estime yo te viktim asèlman, yon bagay politik sa a kondane. Oswa tout anplwaye, Administratè oswa Sipèvizè ki vin okouran li posib pou yon asèlman konsa te fèt, dwe san pèdi tan, fè Sipèvizè li, Administratè, oswa Direktè li, oswa Direktè HR Asosyasyon Komèsyal yo konnen pwoblèm nan. Yo pa pral pran sanksyon kont okenn moun ki fè yon rapò sou baz politik sa a.

POLITIK POU ASÈLMAN SEKSYÈL

Politik Konpayi a se entèdi asèlman nenpòt Sipèvizè kont nenpòt anplwaye, anplwaye oswa vizitè sou baz sèks oswa fi ak gason. Politik sa a pa gen pou objektif kontwole moralite pèsonèl anndan Konpayi a. Li la pou bay garanti, nan espas travay la, okenn sipèvizè, anplwaye oswa vizitè p ap asele lòt moun sou baz sèks oswa fi ak gason.

Se vre li pa fasil pou defini avèk presizyon ki sa asèlman seksyèl ye, egzanp konpòtman ki entèdi yo gen ladan l avans seksyèl ki pa otorize, mande moun pou l fè ou favè nan domèn seksyèl, oswa lòt konpòtman fizik oswa vèbal ki gen karaktè seksyèl, tankou manyen yon moun nan lide pou fè sèks san l pa vle oswa fè kòmantè ki baze sou sèks. Selon sikonstans yo, asèlman kapab gen ladan l tou blag, fawouch ak lòt konpòtman ki pa nòmal sou yon moun akòz sèks li, yon bagay ki vrèman grav oswa ki gaye tout kote epi sa ka debouche sou yon anviwònman travay ki deranje moun epi ki pa pwofesyonèl.

Tout anplwaye ki estime yo te viktim asèlman dwe san pèdi tan, fè Sipèvizè li oswa Administratè, oswa Direktè li, oswa Direktè HR Asosyasyon Komèsyal yo konnen pwoblèm nan.

Yo pral mennen ankèt epi pran dispozisyon pou redresman, si sa nesesè, pou chak rapò konsènan posiblite pou gen asèlman. Vyole politik sa a ka lakoz yo pran mezi disiplinè, ki ka rive jiska nan revokasyon. Mete sou sa, Konpayi a pa pral otorize okenn fòm vanjans kont moun ki denonse yon konpòtman ki pa apwopriye nan administrasyon an oswa ki kolabore nan ankèt k ap fèt sou rapò sa yo ann amoni ak politik sa a.

KONFIDANSYALITE ANRAPÒ AK DOSYE ANPLWAYE YO

Enfòmasyon anrapò ak yon manm nan pèsonèl la pa pral pibliye bay lòt konpayi deyò san otorizasyon **EKRI** anplwaye a. Si anplwaye pèmèt sa, yo pral kapab verifye dat travay, pòs, tit ak salè. Yo pa pral bay okenn lòt enfòmasyon. Sepandan, si lalwa egzije yon patwon pou l bay enfòmasyon konsènan travay la, li pa bezwen gen otorizasyon anplwaye a.

FILOZOFI RELASYON AK ANPLWAYE YO

Administrasyon Pèsonèl Swen VNS Health enterese nan devlopman pèsonèl ak nan byennèt chak anplwaye. Administrasyon an kwè yon kominikasyon dirèk epi ki sensè ant pèsonèl la ak Sipèvizè a kapab bay yon meyè kontribisyon nan reyalizasyon objektif pèsonèl la ak konpayi a. Politik Swen Pèsonèl VNS Health la se rete disponib pou chak moun.

PERYÒD TRAVAY LA FÈK KÒMANSE

Twa (3) premye mwa travay yo se yon peryòd pou kòmanse nan travay la. Peryòd kòmansman an pa plis pase sa -- yon kòmansman. Li gen pou objektif bay anplwaye a posiblite pou l abitye ak Swen Pèsonèl VNS Health epi pou aprann travay la. Li bay Sipèvizè a posiblite tou pou l travay sere sere ak anplwaye k ap aprann konnen travay la epi pou l evalye kapasite endividyèl li. Fen peryòd kòmansman an pa, epi li pa dwe konsidere kòm yon kalifikasyon san mank nan Swen Pèsonèl parapò ak ranman anplwaye a, ni li pa dwe konsidere kòm yon garanti anplwaye a ap kontinye nan travay la.

DOSYE PÈSONÈL LA

Li enpòtan pou anplwaye a mete Sipèvizè a okouran sou chanjman anrapò ak adrès, nimewo telefòn, eta sivil ak si fanmi an ogmante. Lè gen chanjman nan yon seri enfòmasyon konsa ki pa siyale, sa ka gen konsekans sou deklarasyon enpo ansanm ak kouvèti ki apwopriye sou avantaj asirans sante. Tanpri fè Sipèvizè a konnen tout chanjman ki gen rapò ak enfòmasyon sa yo kou sa posib.

ORÈ BIWO

Biwo Swen Pèsonèl la fonksyone selon wòl depatman yo.

MEN LÈ YO FONKSYONE YO:

A. Depatman Fonksyonèl

- Depatman Sèvis ki Sètifye:
- Depatman Swen Prive,

Lè biwo yo fonksyone se:

Lendi - vandredi 7:00am – 6:00pm

Samdi, dimanch and Jou konje 7:00am – 4:30pm

B. Depatman ki Pa Fonksyonèl

- Resouzimèn
- Edikasyon
- Sante Anplwaye
- Avantaj
- Pewòl

Lè biwo yo fonksyone se:

Lendi - vandredi 8:30am – 4:30pm

* Tanpri remake: Antanke yon òganizasyon k ap bay sèvis, Swen Pèsonèl la detèmine pou l bay kliyan l yo swen 24 èdtan sou 24. Se sa k fè, lè biwo yo p ap fonksyone, gen yon sèvis repondè ki la pou reponn tout apèl ijans ki fèt. Ou ka jwenn sèvis repondè a lè ou rele nan nimewo telefòn sa a:

- Pou tout ka VNS Health/MLTC (212) 609-7600
- Pou tout ka Swen an Prive (212) 609-7700
- Anplwaye k ap fè gad la pral reponn tout Apèl Ijans yo.

KONJE PEYE NAN AVANTAJ ANPLWAYE YO

Anplwaye yo kapab genyen jiska 180 èdtan konje peye (Paid Time Off, PTO) chak ane, nan yon tarif inèdtan pou chak 17 èdtan travay (jiska genyen 3.45 èdtan PTO chak semèn). Byenke Konpayi a ap fè efò pou l apwouve demann PTO yo kou sa posib, selon egzijans pwogram travay yo, Konpayi a gen dwa pou l refize yon demann konsa. Pran yon PTO san ou pa gen otorizasyon nòminal pou sa, se yon motif pou sanksyon, ki ka menm rive gen ladan revokasyon.

- Planifye PTO: Anplwaye k ap sèvi ak PTO pou fè demann konje/vakans dwe fè sa alekri **omwen de (2) semèn** anvan dat konje li mande a rive. Yo pa dwe refize demann PTO (Konje Peye) san rezon valab.
- PTO pou Maladi, Blese ak pou Kèk Lòt Rezon: Yo konsève jiska 56 èdtan PTO pou anplwaye yo itilize pou rezon sa yo:
 1. Maladi, blese, oswa eta sante anplwaye a, bezwen fè yon egzamen medikal, anplwaye a bezwen pran swen oswa trete yon maladi, yon blese oswa yon eta

sante, oswa anplwaye a bezwen swen medikal prevantif.

2. Randevou medikal nan lè travay la pou anplwaye a oswa pou yon manm fanmi li.
 - Dwe gen efò ki fèt pou pran randevou yo nan kòmansman oswa nan fen jounen travay yo.
 - Lè anplwaye a prevwa yon randevou konsa, li dwe mete Sipèvizè a okouran sèt (7) jou alavans konsènan nesosite li genyen pou l itilize konje maladi. Si anplwaye a pa ka prevwa bezwen an, li dwe bay yon avi kou sa posib.
3. Swen pou manm fanmi anplwaye a oswa pou lòt moun k ap viv menm kote ak anplwaye a epi k ap soufri akòz maladi, blese, oswa eta sante, ki nan nesosite pou fè egzamen medikal, ki bezwen pran swen oswa trete yon maladi, yon blese oswa yon eta sante, oswa ki bezwen swen medikal prevantif.
 - “Manm fanmi” vle di konjwen, yon zanmi ki nan menm kay avè ou, paran (oswa paran konjwen anplwaye a oswa paran zanmi anplwaye a genyen ki nan menm kay avè l la), pitit (oswa pitit konjwen anplwaye a oswa pitit zanmi anplwaye a genyen ki nan menm kay avè l la), frè oswa sè (sa gen ladan pitit papa ou ak pitit manman ou, pitit bòpè ou ak pitit bèlmè ou, oswa frè ak sè adoptif), pitit pitit, ak grann oswa gran papa, yon moun ki nan fanmi manman ou oswa papa ou, ak yon moun ou gen relasyon sere sere avè l ou konsidere tankou fanmi ou. Anrapò ak politik sa a:
 - “Timoun” vle di pitit yon moun fè, oswa adopte oswa ki nan fwaye dakèy, timoun ki sou kont yon responsab legal, timoun yon anplwaye mete sou kont yon moun ki reprezante paran l (loco parentis).
 - “Paran” vle di moun ki fè yon pitit, yon nounou, oswa yon paran adoptif, oswa yon responsab legal yon anplwaye genyen, oswa yon moun ki te jwe wòl paran pou anplwaye a lè anplwaye a te piti.
4. Anplwaye a se yon viktim vyolans familyal epi li bezwen regle bagay ki gen rapò ak vyolans familyal la (pa egzanzp, kontakte lapolis oswa otorite jidisyè yo, oswa prezante nan tribinal oswa jwenn lòd pou pwoteksyon).
5. Yon responsab nan leta mande pou fèmen kote anplwaye a ap travay la paske gen yon ijans pou sante piblik, oswa anplwaye a bezwen pran swen yon timoun lekòl li oswa gadri a fèmen sou lòd yon responsab nan leta, paske gen yon ijans sante piblik.
 - Sizoka ta gen absans pou rezon maladi oswa blese, anplwaye a dwe rele epi fè patwon an konnen maladi sa a oswa blese sa a **nan omwen dezèdtan (2)** anvan travay li a kòmanse. Si absans la **depase twa (3) jou**, anplwaye a gen dwa oblije voye bay Konpayi a (i) yon atestasyon yon founisè swen sante ki pwouve anplwaye a te itilize konje maladi l yo pou rezon yo mansyone nan Manyèl sa a, ki montre nesosite ki genyen pou itilize kantite konje maladi a, epi pou verifye si anplwaye a ranpli kondisyon pou l retounen travay oswa (ii) yon atestasyon ki konfime kalifikasyon anplwaye a pou tan an. si.

- Transfè PTO: Yon maksimòm **56 èdtan** kapab transfere soti nan yon ane sivil pou ale nan yon lòt. Yo pral peye, PTO ki depase 56 èdtan nan fen ane sivil la, pou pi ta nan dat 31 janvyè chak ane, selon to ki te an vigè nan moman kote anplwaye a te gen lè sa yo.
- Ranbousman PTO nan fen travay la: Nan fen travay la, anplwaye yo pral gen dwa jwenn yon pèman pou lè PTO yo genyen epi yo pa t itilize yo, ki kalkile nan to ki te an vigè nan moman kote anplwaye a te gen lè sa yo.

DÈY

Tout anplwaye pral gen dwa jwenn yon maksimòm 3 jou dèy yo peye sou baz uit (8) èdtan chak jou, pou chak ane sivil. Anplwaye yo dwe voye yon demann alekri pou yon maksimòm twa (3) jou konje peye pou sizoka yon manm nan fanmi pwòch li ta mouri (papa, manman, frè oswa sè, pitit, konjwen legal oswa yon zanmi k ap viv nan kay ansanm ak anplwaye a). Selon desizyon Swen Pèsonèl VNS Health, anplwaye a dwe bay yon sètifika desè oswa prèw Swen Pèsonèl VNS Health ap aksepte anrapò ak lanmò a ansanm ak relasyon famiyal anplwaye a gen ak moun ki mouri a. Se responsablite anplwaye a pou l mete Swen Pèsonèl VNS Health okouran, nan moman ki apwopriye, konsènan entansyon li genyen pou l pran konje pou dèy.

JOU FERYE

Anplwaye yo **dwe** travay pandan kat (4) nan uit (8) jou ferye ki mansyone anba a. Si yon anplwaye travay nan yon jou ferye, yo pral peye l doub fwa to orè nòmal li a pou tout lè li fè ap travay yo.

Si yon anplwaye **pa** travay nan jou ferye, yo pa pral peye l pou okenn lè.

Joudlan

Jou Anivèsè Martin Luther King

Jou Anivèsè Washington

Jou Memoryal

Jou Fèt Endepandans,

Jou Fèt Travay,

Jou Fèt Thanksgiving

Jou Fèt Nwèl

KONJE OTORIZE

Anplwaye yo gen dwa kalifye pou konje sa yo:

KONJE OTORIZE POU ANDIKAP: Anplwaye yo gen dwa pran yon konje pou andikap ki pa peye (sa vle di, maladi pèsonèl, gwosès oswa blese ki pa gen rapò ak travay la) pou jiska venn sis (26) semèn omaksimòm pandan nenpòt peryòd 12 mwa youn dèyè lòt. Yo pral kontablize tou konje yo pran anrapò ak politik sa a nan kad dwa anplwaye a genyen nan politik FMLA a (gade Konje Famiyal ak Medikal, anba a).

KONJE FAMILYAL AK MEDIKAL: Yon anplwaye gen dwa kalifye pou li pran jiska douz (12) semèn (oswa venn sis (26) semèn, nan kèk sikonstans) kòm konje famiyal ak medikal ki **pa peye** pandan yon peryòd douz (12) mwa youn dèyè lòt. Yon anplwaye ka pran yon konje famiyal ak medikal pou rezon tankou eta sante l vin tèlman grav li vin pa kapab fè travay li nòmalman, pou pran swen konjwen li, yon timoun oswa yon paran ki malad grav, pou nesans, adopsyon oswa pou mete yon timoun nan fwaye dakèy, akoz yon obligasyon ki fonde piske konjwen an, timoun nan oswa paran anplwaye a nan sèvis aktif, oswa yo rele l nan sèvis aktif pou soutni yon operasyon sekou antanke manm nan Fòs Rezèv la oswa nan Lame Nasyonal la. Oswa paske ou se

MANYÈL POU OKSILYÈ SANTE ADOMISIL

SWEN PÈSONÈL

konjwen, pitit, paran oswa pi pwòch paran yon manm nan sèvis ki asire a ki blese oswa ki malad grav. Yo kapab pran konje familyal ak medikal la yon sèl kou oswa chak lè gen okazyon pou sa. Si posib, yon anplwaye dwe bay Sipèvizè li yon avi trant (30) jou davans anrapò ak demann pou konje familyal ak medikal.

KONJE PEYE POU FANMI NAN NEW YORK: Yon anplwaye gen dwa gen yon konje familyal peye (Paid Family Leave, PFL) apre l fin fè 175 jou ap travay pou Swen Pèsonèl VNS Health. Peryòd anplwaye a fè ap travay anvan 1ye janvyè 2018 (Dat PFL la antre an vigè) antre nan kritè kalifikasyon yo.

Kritè pou kalifikasyon nan PFL yo gen ladan:

- Bay swen, sa gen ladan swen fizik oswa sikolojik ak yon manm fanmi (konjwen, zanmi k ap viv ansanm avè l nan kay la, timoun, paran, bòpè oswa bèlmè, grann oswa gran papa, oswa pitit pitit) ki gen yon pwoblèm sante ki grav.
- Pou anplwaye a pran swen pitit li apre nesans, oswa pou mete li nan adopsyon oswa nan fanmi dakèy pandan 12 premye mwa ki vin apre nesans la oswa plasman an.
- Pou ede yon manm nan fanmi pwòch li (konjwen, zanmi k ap viv avè l nan kay, pitit oswa paran) nan kad aksyon ki nesèsè ak sikonstans ki ijan paske manm nan fanmi an nan sèvis aktif oswa yo rele l pou enfòmè l, oswa li resevwa lòd pou l deplase tousuit anrapò ak sèvis aktif li nan fòs lame Etazini an.

Anplwaye yo pa ka itilize konje familyal ki peye yo pou andikap pèsonèl yo genyen oswa pou eta sante yo ki grav.

Yo kapab pran PFL la yon sèl kou oswa chak lè gen okazyon pou sa. Dire maksimòm konje peye a se 12 semèn (60 jou pou yon konje ki pran pandan yon sikonstans) sou yon peryòd 52 semèn youn dèyè lòt, epi montan alokasyon pou chak semèn nan se 67% nan salè mwayen pou chak semèn nan, jan yo prevwa sa nan lwa New York la. Si posib, anplwaye yo dwe bay Sipèvizè yo yon avi trant (30) jou davans anrapò ak demann pou PFL.

KONJE POU SÈVIS JIRI: Swen Pèsonèl VNS Health konnen tout sitwayen Ameriken gen obligasyon pou yo patisipe nan yon jiri lè yo konvoke yo pou sa. Anplwaye yo pral gen dwa gen yon konje pou akonpli sèvis sa a san okenn fòm sanksyon. Sepandan, anplwaye a dwe fè Sipèvizè a konnen disponiblite li pou l travay pandan yon bon pati nan jounen an pou sizoka tribinal la ta prezante eskiz li. Si demann konje a prezante yon gwo pwoblèm pou Sipèvizè a, yo kapab mande anplwaye a pou l eseye repòte sèvis jiri a. Ann amoni ak aplikasyon lwa federal la, lwa nan Eta New York oswa lwa lokal yo, yo pral peye anplwaye ki nan konje akoz yo nan yon jiri, sa ki ba yo dwa pou yo gen yon alokasyon jiska twa jou yo fè nan jiri a, san yo pa depase, ann amoni ak lwa ki nan eta a.

KONJE MILITÈ: Si anplwaye a nan sèvis militè, li pral kapab jwenn yon konje militè ki **pa peye**. Pou mande konje militè a, anplwaye a dwe prezante bay Sipèvizè a yon kopi nan dokiman sèvis yo lè l jwenn yo. Akondisyon konje a pa depase limit legal ki an vigè yo, anplwaye a pral konsève dwa l genyen pou l retounen nan travay la epi ogmante ansyènte l ak avantaj li genyen yo, ann amoni ak lwa federal ak nasyonal ki an vigè yo. Si pèsonèl la gen obligasyon pou l patisipe nan sèvis ki fèt chak ane pou sèvis Rezèv la oswa pou sèvis fòs nasyonal la, li ka mande yon konje militè tanporè ki pa peye. Pèsonèl la dwe mete Sipèvizè a okouran lontan alavans pou Sipèvizè a kapab fè aranjman pou gen yon kouvèti ki apwopriye pandan peryòd sa a.

KONJE PÈSONÈL: Apre twa (3) mwa travay epi nan kèk sikonstans, Swen Pèsonèl VNS Health la gen dwa bay anplwaye yo yon konje pèsonèl **san peye**. Anplwaye a dwe prezante bay Sipèvizè a yon demann konje pèsonèl alekri omwen de (2) semèn anvan dat konje a kòmanse. Yo pral egzamine demann nan selon egzijans ki genyen nan domèn pèsonèl la ak rezon ki fè yo mande konje a, ansanm ak dosye sou pèfòmans ak prezans yo.

An jeneral, yo bay konje pou yon peryòd maksimòm uit (8) semèn. Nan sikonstans eksepsyonèl, yon konje anplwaye gen dwa pwolonje, si anplwaye a prezante bay Sipèvizè a yon demann alekri anrapò ak pwolongasyon an anvan konje a fini epi si yo apwouve demann li a. Anplwaye a pa pral ka benefisye avantaj Konpayi ap bay pandan yon konje.

Lè anplwaye yo ap planifye pou yo retounen nan travay, yo dwe fè Sipèvizè a konnen dat yo prevwa retounen an. Anons sa a ta dwe fèt nan omwen yon (1) semèn anvan konje a fini.

Piske yo pa fè Sipèvizè a konnen volonte yo genyen pou yo retounen travay, piske yo pa retounen travay nan lè yo te anonse a, oswa piske yo toujou pa vin travay apre delè apwobasyon konpayi a te bay la fini, Konpayi pral konsidere sa kòm yon demisyon volontè nan travay avèk Swen Pèsonèl la.

Pou plis enfòmasyon sou konje yo, tanpri kontakte Depatman HR Swen Pèsonèl VNS Health nan 212-609-4442.

ALOKASYON POU INIFÒM

Apre yo fin fè 300 èdtan ap travay, tout anplwaye yo gen dwa jwenn yon lòt inifòm, mete sou sa yo te genyen lè yo te kòmanse travay la. Pou pèsonèl ka jwenn inifòm nan, li dwe ale nan Depatman Enstalasyon swen pèsonèl yo nan 245 East 41st Street, New York, NY 10017. Yo pral bay lòt inifòm toujou nan fen chak peryòd 1400 èdtan travay.

(Pou plis enfòmasyon, tanpri ale nan dispozisyon anrapò ak Règleman sou Inifòm ki nan Manyèl sa a)

AVANTAJ RETRÈT YO

Tout Oksilyè Sante Adomisil ki nan Swen Pèsonèl VNS Health yo kapab kalifye pou plan retrèt ki gen kouvèti enpo 403(b) ansanm ak lòt avantaj pou retrèt. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Depatman HR Swen Pèsonèl VNS Health nan 212-609-4442.

ASIRANS SANTE

Oksilyè Sante Adomisil yo (Home Health Aides) ki reyini kèk kondisyon nan domèn travay gen dwa kalifye pou benefisye asirans sante. Pou plis enfòmasyon sou avantaj asirans sante, tanpri kontakte Depatman HR Swen Pèsonèl VNS Health nan 212-609-4442 pou jwenn yon manyèl anrapò ak avantaj yo. Manyèl

sou avantaj yo disponib tou sou VNS Health Intranet nan ribrik Resous HHA pou Swen Pèsonèl.

AVANTAJ LEGAL

Lwa nan Eta New York yo pwoteje tout anplwaye yo anrapò ak Asirans pou Andikap, Konpansasyon pou Aksidan nan Travay Ansanm ak Chomaj. Pou plis enfòmasyon sou asirans pou andikap ak konpansasyon pou aksidan nan travay, tanpri kontakte Depatman HR Swen Pèsonèl VNS Health nan 212-609-4442 pou jwenn yon manyèl anrapò ak avantaj yo.

ASIRANS POU ANDIKAP - Anplwaye ki fè 25 jou travay aktif epi ki pa kapab travay akòz yon maladi oswa yon blese ki pa gen rapò ak travay yo kapab kalifye pou jwenn avantaj pou andikap Eta New York la ap bay pandan venn sis (26) semèn omaksimòm.

KONPANSASYON POU AKSIDAN NAN TRAVAY - Lwa sou konpansasyon travayè yo pwoteje tout anplwaye anrapò ak tout blese oswa maladi yo genyen nan kad travay nòmal yo nan Swen Pèsonèl VNS Health. Anplwaye yo dwe fè Sipèvizè yo konnen **IMEDYATMAN** tout blese oswa maladi ki rive nan kad travay la, epi Sipèvizè a pral ranpli fòm ki nesèsè yo. Lè doktè a ap konsilte anplwaye a, pandan konsiltasyon an, anplwaye a **dwe** fè doktè a, klinik la oswa lopital la konnen, blese a gen rapò ak travay la.

Si gen prèv maladi a oswa blese a gen rapò ak travay la, Konpansasyon pou aksidan nan travay ap peye vizit kay doktè a, vizit nan klinik la ak/oswa nan lopital la, epi anplwaye a kalifye pou l jwenn salè ki pèdi a. Founisè swen sante a pral fè yon fakti dirèkteman pou PMA, administratè demann konpansasyon pou travayè yo. Si anplwaye a peye fakti a, yo **PAP** ranbouse l li. Anplwaye yo dwe voye fakti tout founisè yo nan:

**PMA Customer Service Center
P.O. Box 5231
Janesville, WI 53547-231
Telefòn: 888-476-2669
Faks: 800-432-9762**

Pou yo ka trete fakti yo pi rapid, yo dwe genyen nimewo idantifikasyon VNS Health #W565253 ak nimewo demann anplwaye a.

Mete sou sa, si gen prèv blese a oswa maladi a gen rapò ak travay la, anplwaye a gen dwa pran yon konje pou aksidan nan travay k ap dire yon (1) ane omaksimòm.

Yo pral kontablize konje ki pran anrapò ak politik sa a nan kad dwa pou Konje Familyal ak Medikal. (Gade seksyon nan manyèl sa a ki gen rapò ak Konje Familyal ak Medikal pou plis detay oswa kontakte Administratè Avantaj Sosyal yo nan Depatman Resouzimèn nan.)

ASIRANS CHOMAJ - Moun ki aplike ki kalifye epi ki ranpli kondisyon lwa sou chomaj Eta New York la bay, kapab resevwa alokasyon pou chomaj, jan Depatman pou Travay nan Eta New York la prevwa sa.

REKONPANS POU SANTE ADOMISIL**JAMES R. WITHROW JR. REKONPANS HHA POU ANE A:**

Nan memwa yon Manm fondatè nan Konsèy Administrasyon Swen Pèsonèl VNS Health, **James R. Withrow, Jr.**, yo te adopte yon rezolisyon nan ane 1988 pou yo bay, chak ane, yon Rekonpans pou Èd Adomisil “ak HHA Swen Pèsonèl VNS Health ki pi byen reprezante volonte Konpayi a genyen pou bay kliyan ki konfine yo sèvis adomisil”.

Chak ane, Sipèvizè yo evalye HHA yo epi Sipèvizè yo chwazi HHA ki jwenn Rekonpans HHA pou Ane a. Kritè pou jwenn Rekonpans HHA pou Ane a pa sèlman gen ladan:

- Kantite Prezans
- Inisyativ
- Respekte lè
- Montre sousi pou kliyan yo
- Konpòtman ak—Sipèvizè
 - Kliyan
 - Kòlèg
- Dispoze Sèvi---Ka nan Tan ki Kout
 - Dosye Tanporè
 - Jou ferye
 - Kliyan, San konsidere Dyagnostik
 - Wikenn
- Aparans Pèsonèl
- Kantite:
 - Travay ki fèt nan Wikenn
 - Kantite èdtan travay
 - Travay nan jou ferye
- Yo pa konn sanksyone li

Rekonpans Anrapò ak Pitye Richard Flender:

Yo bay rekonpans sa a chak ane ak Oksilyè Sante Adomisil (Home Health Aide, HHA) ki egzèse pi byen, nan tout sitiyasyon, menm pitye ki san limit M. Flender te demontre epi l te pratike pandan tout lavi li.

Nan memwa Mr. Flender, yo pral evalye loreya a selon kritè ki vin annapre yo:

- Montre pitye anba presyon nan tout domèn
- Onètete
- Senserite
- Entegrite
- Sèvis Kliyantèl ki remakab epi ki elegan.

Yo bay rekonpans sa a chak ane ak Oksilyè Sante Adomisil ki pi byen montre lespri jenewozite a menm jan Mr. Goodhue te konn fè sa chak jou.

Yo pral evalye loreya rekonpans Stephen V. R. Goodhue a selon kritè ki vin annapre yo:

- Gen yon kè ak yon konpòtman ki byenveyan
- Gen yon etadespri ki amizan epi ki rejwisan
- Pridan nan bagay ki parèt pa gen twòp enpòtans
- Entegrite
- Yon fidelite ki san limit ak Swen Pèsonèl VNS Health.

POLITIK POU PÈMAN

Swen Pèsonèl Vns Health pa voye chèk pou pèman nan kourye. Yo fè depo dirèk pou tout anplwaye sou kont an bank yo. Anplwaye a touche sèlman pou lè travay ki te pwograme yo. Yo peye pèsonèl la pou lè siplemantè yo, sou baz yon (1) fwa edmi (1.5x) nan to salè nòmal la pou tout lè li fè ap travay ki plis pase karant (40) èdtan pandan semèn nan. Yon semèn pewòl kòmanse nan **samdi** epi li fini nan **vandredi** ki vin apre a. Kanè pèman an montre tout kòb ki soti nan salè total la.

Yo mete nan kanè pèman an depans ki reklame pa mwayen sistèm telefòn elektwonik yo oswa pou verifikasyon vizit ki fèt adistans nan telefòn yo. Yo ajoute frè ranbousman yo sou salè final (nèt) la epi yo pa pran taks sou yo.

Swen Pèsonèl VNS Health ofri tou lòt posiblite pou pèman pa mwayen sèvis pèman PayPro Card oswa pa mwayen yon kont nan Municipal Credit Union.

Mete sou pèman nòmal la, Swen Pèsonèl VNS Health ofri tou yon pèman pou sèvis gad lajounen oswa nan nuit ansanm ak pou sèvis sejou (lojman). Pou plis enfòmasyon, HHA ki te fè gad yo oswa ki te nan lojman yo dwe ale nan seksyon “Kategori Travay” ki twouve l tou nan Apenndis (Anèks) ki nan manyèl sa a.

Si anplwaye a gen kesyon anrapò ak politik pèman, lòt kalite travay, posiblite pou pèman, oswa si li panse li pa t jwenn yon chèk, tanpri ale nan Apenndis ki twouve l nan fen manyèl sa a epi ki bay esplikasyon ak repons ki detaye sou kesyon moun poze souvan yo anrapò ak pwogram konpansasyon Swen nan Swen Pèsonèl VNS Health. Apenndis sa a gen ladan l tou modèl sous chèk pou pèman ak divès montan yo retire ak sa yo ajoute ki espesyal.

Swen Pèsonèl VNS Health sèvi ak yon sistèm telefòn elektwonik pou anonse prezans ak travay ki fèt anrapò ak Plan Swen an. (Ale nan Apenndis la pou jwenn esplikasyon ki detaye).

Kontwòl Vizit yo Adistans

Ki sa yon Kontwòl Vizit Adistans (Mobile Visit Verification, MVV) ye?

- Yon aplikasyon gratis pou telefòn entelijan ki pèmèt ou kontwòl kantite tan ou fè ap travay lakay kliyan yo
- Konpatib ak Android epi iPhones, kapab telechaje sou Google Play Store (telefòn Android) oswa sou App Store (iPhone)
- Sèvi ak GPS ki sou telefòn ou an pou montre ou vrèman lakay kliyan an

Ki avantaj sa genyen?

- Gen aksè ak enfòmasyon sou kliyan an, sou pwogram li, epi pafwa ak Plan Swen li a
- Posiblite pou anrejistre yon enfòmasyon
- Pa bezwen itilize fèy pou travay an papyè lè yon kliyan pa gen telefòn oswa lè l pa kite ou sèvi ak telefòn li
- Fè biwo a/enfimyè a konnen enfòmasyon ki enpòtan yo (Ale nan Apenndis la pou jwenn esplikasyon ki detaye).

WÒL SIPÈVIZÈ A

Sipèvizè nan Swen Pèsonèl VNS Health la jwe yon wòl ki vrèman enpòtan. Sipèvizè a bay anplwaye yo enfòmasyon ki soti nan administrasyon an yon fason pou gen asirans anplwaye a konnen nouvo pwogrè oswa chanjman yo. Sipèvizè a tou reprezante anplwaye a nan administrasyon an, lè l koute opinyon, enkyetid oswa pwoblèm anplwaye a, epi lè l ede pèsonèl la, lè l bay pèsonèl la garanti administrasyon an ap tande pwendvi l yo.

Pou fini, Sipèvizè a responsab pou veye pou kliyan Swen Pèsonèl VNS Health yo jwenn bonjan kalite sèvis. Chak Sipèvizè gen responsablite pou fè anplwaye yo travay, jere sèvis y ap bay kliyan yo epi siveye kalite sèvis yo bay yo.

Gen anpil rezon pou ou kontakte Sipèvizè a. Si ou gen dout, pran tan pou ou rele. Li toujou pi saj pou ou verifye bagay yo epi pou ou jwenn otorizasyon ofisyèl olye pou ou kontinye fè yon bagay ou pa sèten. Sipèvizè a enterese nan anplwaye yo epi l ap fè tout sa l kapab pou l konprann yo, respekte yo epi reponn ak enkyetid yo genyen.

WÒL OKSILYÈ SANTE ADOMISIL LA

Travay nan ekip: Yon ekip se yon gwoup moun k ap travay ansanm pou favorize byennèt kliyan an. Chak manm ekip gen yon travay byen presi pou yo fè nan fason ki pi bon an. An jeneral, yo pran desizyon sa a selon kalite fòmasyon chak manm nan ekip la te resevwa oswa selon wòl yo jwe nan lavi kliyan an. Men kèk egzanp sou manm ekip:

Fanmi	Klèje	PT	OT
Zanmi	HHA	RN/LPN	Terapet Lapawòl
Travayè Sosyal	Sipèvizè HHA		

HHA se yon wòl ki vrèman espesyal. Li pase plis tan ansanm ak kliyan an. Aprann konnen ki wòl tout lòt manm ki nan ekip la jwe epi reprezante je ak zòrèy pou enfimyè an chèf la.

Responsablite HHA yo

HHA yo bay yon swen pratik ansanm ak yon sipò nan domèn manje epi yo fè travay nan kay pou kliyan yo selon yon Plan pou Swen [Gade egzanp nan Apenndis ki nan Manyèl sa a] se enfimyè ki responsab swen

kliyan yo ki prepare l. Wòl HHA yo egzije konpetans espesyal nan domèn swen enfimye fondamantal, kapasite pou travay ak materyèl ki espesyalize, fè travay nan kay/jere fwaye a epi al achte. HHA yo akonpaye kliyan an pou ale/soti nan klinik yo/ale nan klinik medikal yo epi soti deyò lè yo mande pou fè sa.

HHA yo travay ak kliyan ki gen tout laj epi yo kominike ak manm fanmi yo ansanm ak anplwaye ajans la nan kad travay yo antanke HHA ak responsablite yo. HHA a pa gen dwa fè lòt travay oswa pran lòt responsablite ki diferan ak travay enfimye a te asiye l nan, oswa ki nan Plan pou Swen an, epi li dwe mande san pèdi tan lòt espikasyon lè li pa fin konn sa pou l fè nan kad travay li oswa asiyasyon l.

Obsèvasyon, Rapò ak Dosye

Obsèvasyon, Rapò ak Dosye fè pati kèk responsablite ki pi enpòtan HHA yo genyen. Gras ak fòmasyon, HHA a pral kapab idantifye chanjman fonksyonèl ak sikolojik kliyan yo genyen, kèlkeswa kapasite kliyan yo genyen pou yo kominike aloral la. Men kèk chanjman yon HHA gen dwa gen kapasite pou l detekte:

- chanjman ki fèt sou po
- chanjman nan kondisyon afektif
- chanjman nan fason respirasyon an ye
- chanjman nan nivo aktivite
- Chanjman fonksyonman entesten ak nan pipi
- chanjman nan domèn manje
- chanjman nan byennèt fizik
- chanjman nan kapasite pou deplase
- chanjman nan eta mantal

Yo te anseye enfòmasyon sa yo nan kad pwogram fòmasyon HHA yo epi yo pral kontinye mete aksan sou yo nan kou fòmasyon siplemantè yo.

KONFIDANSYALITE AK ETIK

HHA dwe suiv kòd etik ajans la etabli pou tout manm ki nan ekip swen sante a. Etik gen rapò ak responsablite moral oswa ak konpòtman. Konfidansyalite nan kad pratik pou HHA vle di enfòmasyon pèsonèl ki pataje nan kad relasyon ki gen nan domèn travay avèk kliyan an dwe pataje sèlman ak moun nan ekip la k ap patisipe dirèkteman nan pran swen kliyan an.

Montre bon jijman pou konnen sa ki enpòtan pou swen sante kliyan an epi ki enfòmasyon k ap vyole dwa kliyan an genyen pou l gen lavi prive. Konfidansyalite a reflekte fidelite anvè kliyan an, enfimye a ak ajans la. HHA a dwe bay chak kliyan pi bon swen ki posib la kèlkeswa ras, kwayans, koulè, relijyon, kote l soti, zansèt, estati etranje oswa sitwayen, laj, enkapasite oswa andikap, sèks, eta sivil, estati ansyen konbatan, oryantasyon seksyèl, kazye jidisyè, moun ki vilnerab yon fason ereditè, ki gen estati moun ki gen viris, estati moun k ap bay swen, estati anrapò ak asistans sosyal, manm oswa patisipe nan yon komisyon lokal, oswa tout lòt karakteristik lwa federal yo, nasyonal oswa lokal yo pwoteje.

- Pwozelit HHA a dwe respekte kwayans relijye kliyan yo epi yo pa dwe enpoze kliyan yo pwòp kwayans yo.
- Onètete Aksepte sèlman lajan Swen Pèsonèl la bay HHA a kòm salè a, pa mande oswa aksepte kado oswa pran lajan nan men kliyan an.

MANYÈL POU OKSILYÈ SANTE ADOMISIL

SWEN PÈSONÈL

- Konfidansyalite Respekte diyite, lavi prive ak dwa fondamantal moun.
- Serye Si ou pa kapab al travay, san pèdi tan, mete Swen Pèsonèl la okouran.
- Diy pou fè konfyans Fè travay la yon fason ki fidèl ann amoni ak Plan pou Swen an. Fè konnen tout sa k pa ka fèt.
- Respekte lè Rive nan travay la a lè, epi pa ale anvan lè.
- Inisyativ Patisipe nan travay yo epi pataje responsablite yo, yon fason pou reponn ak bezwen sante kliyan yo. Fè konnen san pèdi tan, remak ak sitiyasyon ki mete sante kliyan yo an danje.

KISA YON OKSILYÈ SANTE ADOMISIL DWE KONNEN

Lè l kòmanse pran swen yon kliyan nan kad travay li sou teren, li enpòtan pou HHA a konnen:

- Revize Plan Swen an kou l rive lakay kliyan an
- Iwa sou konfidansyalite anrapò ak VIH
- siy ak sentòm pou siveye
- rejim alimantè kliyan an
- medikaman kliyan an:
- Non medikaman an (yo)
Poukisa yo itilize l
Ki efè segondè pou m siveye

Si li pa konn tout enfòmasyon ki anwo yo, HHA a dwe kontakte Sipèvizè li a.

PWOSEDI POU IJANS

Yo dwe fè Swen Pèsonèl Vns Health konnen tout ijans kliyan an genyen. Tout HHA dwe note nimewo telefòn ijans venn kat (24) èdtan yo te distribye yo. Tout anlwaye gen obligasyon pou yo fè Sipèvizè yo konnen san pèdi tan tout aksidan oswa blese nan travay ki gen rapò ak anlwaye a oswa ak kliyan an.

Lè yon pwoblèm rive, li enpòtan pou ou sonje pou ou:

- Rete kalm
- Evalye pwoblèm nan
- Fè aksyon ki apwopriye a
- Fè konnen sa imedyatman

* Yon kliyan gen dwa mande pou ou pa fè Swen Pèsonèl VNS Health konnen yon pwoblèm—men sonje, se responsablite pa ou pou ou bay rapò.

Toujou konnen:

- Ki lè pou ou bay Sipèvizè a rapò
- Ki lè pou w rele 911

- Ki lè pou Ou rele enfimiyè a

Tanperati, Batman kè, ak Respirasyon:

- Konnen ki jan pou ou pran l
- Valè Nòm al
- Valè ki pa Nòm al
- Ki sa ki ka lakoz tanperati a monte oswa bese oswa kisa ki ka fè kè a pa bat nòm alman oswa kisa ki ka lakoz pwoblèm respirasyon.

Si kliyan an gen yon pwoblèm anrapò ak klinik, HHA a dwe kontakte Sipèvizè l la imedyatman.

DEKLARASYON ENSIDAN AK AKSIDAN

HHA a dwe fè Swen pèsonèl Vns Health konnen imedyatman tout ensidan ak aksidan. Bay yon rapò ki konplè, ki brèf epi pale sou pwoblèm nan dirèkteman. Si HHA a pa ka pale dirèkteman ak Sipèvizè HHA a pou kliyan an, li dwe pale ak Chèf Sèvis la. Si ensidan an oswa aksidan an fèt nan moman biwo yo p ap fonksyone nòm alman, kite mesaj nan Sèvis Repondè a nan (212) 609-7600 pou dosye VNS Health/MLTC ak (212) 609-7700 Dosye Swen Prive.

ECHANTIYON MESAJ:

“Se _____ . Mwen se yon HHA k ap pran swen _____ . kliyan mwen an
(Non) (non kliyan an)

Nimewo idantifikasyon se _____ epi nimewo telefòn li se _____.

Nan (dat) ak (lè), (dekri ensidan an yon fason ki brèf, epi tou esplike ki aksyon ki te poze, pa egzanzp, rele 911, rele Visiting Nurse Service nan New York, mete kliyan an dèyè kabann nan, elatriye.) Non Sipèvizè m nan se _____ epi m ap travay nan (Borough). Retounen m apèl la nan (nimewo telefòn) jodi a.”

Sa ki vin annapre yo, se yon lis ensidan ki ka rive: Si yon sitiyasyon ki pa nan lis la rive, epi HHA a pa fin konnen si li dwe rapòte sa oswa si li pa dwe fè sa, **RELE!**

Bonjan Konsèy pou Sekirite:

Anplwaye sekirite yo vrèman enpòtan pou Swen Pèsonèl VNS Health. HHA a pral vwayaje souvan poukont li nan katye li pa abitye. Pou fasilite anplwaye a, yo te prepare konsèy sou sekirite pou HHA yo ka suiv, yon fason pou bay garanti anplwaye yo ap kontinye byen fonksyone. Tanpri suiv konsèy sa yo kou sa posib. Si ou gen dout, prefere rete pridan [Gade Konsèy sou Sekirite nan Apenndis ki nan Manyèl sa a].

SISTÈM REPOUS POU IJANS PÈSONÈL (PERS)

Kliyan ki bezwen posiblite pou yo rele pou yo jwenn èd lè yo poukont yo lakay yo souvan itilize sèvis PERS yo. (Gade esplikasyon ki detaye nan Kit ki gen Dokiman yo)

PWOGRAM FÒMASYON

Pwosesis pou Sètifika:

(Pou Estajyè HHA sèlman)

Estajyè yo patisipe nan yon pwogram fòmasyon pandan twa (3) semèn. Nan fen fòmasyon an, enstriktè a ranpli yon fòm pou evalyasyon (Gade fòm evalyasyon ki anndan Kit ki gen Dokiman yo).

Aprè yo fini pati teyori nan Pwogram Fòmasyon HHA a avèk siksè, y ap asiye Estajyè yo pou fè uit (8) èdtan eksperyans nan klinik sou sipèvizyon. Yo asiye yon Enstriktè RN ak Estajyè HHA a nan kad yon klinik Sipèvize.

Vizit fòmasyon sipèvize /yo fè vizit sipèvizyon yo pou:

- a) ede Estajyè yo soti nan wòl etidyan an pou yo vin parapwofesyonèl (asistan pwofesyonèl).
- b) bay yon fòmasyon endividyèl anplis sou konpetans ki nesèsè yo, si sa nesèsè.
- c) gen asirans Estajyè yo metrize tout konpetans yo mande yo.

Pi piti tan yo mande se uit (8) èdtan fòmasyon/sipèvizyon. Selon kapasite Estajyè a montre l genyen. Yo ka bay Estajyè yo yon sètifika. Se Enstriktè RN nan ak Direktè Depatman fòmasyon an k ap deside sou sa.

Aprè l fin tèmine avèk siksè eksperyans Sipèvizyon Klinik la, kounye a Estajyè HHA a Sètifye epi li kapab kòmanse travay, epi jwenn yon oryantasyon sou Swen Pèsonèl VNS Health. Lè li gen otorizasyon pou travay, yo asiye Oksilyè Swen Sante Adomisil Sètifye a pou l bay yon kliyan swen adomisil.

Sètifika yo ap enprime nan 10 jou nan lè yo ouvri ki vin apre dat Estajyè a te sètifye a. HHA a dwe rele pou l konnen si sètifika a pare pou l ka rekipere l nan 245 East 41st Street, nan Depatman Fòmasyon an.

Yo ka pran sètifika yo tou pandan premye kou nan Fòmasyon Siplemanntè yo bay pou travay la, chak Estajyè pral jwenn yon envitasyon pou patisipe nan kou sa a.

Fòmasyon Siplemanntè

Tout Oksilyè pou Swen Pèsonèl Adomisil (Personal Care' Home Health Aides) gen obligasyon pou asiste douz (12) èdtan kou fòmasyon siplemanntè pou travay nan espas travay la chak ane. Yo pral peye moun ki patisipe yo nan tarif orè nòmal yo pou seyans kou yo patisipe yo. Se Depatman Fòmasyon an k ap fikse orè a.

Depi orè a fin etabli, **se yon obligasyon pou ou prezan.**

Fòmasyon Espesyalize

Swen Pèsonèl la detèmine pou l bay anplwaye yo pi bon fòmasyon ki posib la, yon fason pou ede HHA yo bay kliyan yo swen nan fason ki pi efikas epi ki pi pwofesyonèl la. Swen Pèsonèl Depatman Fòmasyon an bay HHA ki enterese yo yon fòmasyon espesyalize ki peye, yon fason pou bay kliyan ki gen twoub ak bezwen espesyal yo swen.

Kèk nan pwogram fòmasyon espesyalize siplemantè pou travay yo bay kounye a se sa yo:

Granmoun Adomisil	Maladi Alzheimer
Pran swen Tibebe/Timoun	Varyete Kiltirèl
Dyabèt	Kliyan ki difisil pou Sèvi
Azil	Sante Mantal
Twoub Sikolojik	Fizyoterapi pou Depandans anrapò ak
Dwòg ak Alkòl	Jere Fwaye
Granmoun yo Maltrete	CPR (apre 1 ane travay) Kabann ki
Chaje ak Pinèz	Preparasyon pou Ijans pou Sizoka gen Katastwòf Natirèl
Rejim Kosher	Prensip pou Konpòtman/Etik

Si HHA a ta renmen pran yon fòmasyon espesyalize siplemantè, tanpri kontakte Depatman Fòmasyon an.

PLAN POU IJANS AK KATASTWÒF

Swen Pèsonèl VNS Health detèmine pou l bay kliyan l yo swen ki esansyèl 24 èdtan sou 24 pandan yon ijans oswa pandan yo anonse yon Katastwòf.

Nan sitiyaon tankou pwoblèm transpò ak/oswa pwoblèm elektrisite ki genyen akòz yon ouragan, yon grèv oswa lòt rezon, epi sizoka kondisyon tan an ta difisil, prezidan an oswa yon moun yo chwazi pral deklare eta ijans. Responsablite tout anplwaye yo pou sizoka gen ijans se sa ki vin annapre yo:

1. Tout manm nan pèsonèl la gen obligasyon pou yo ale lakay kliyan yo asiyen yo a.
2. Anplwaye ki pa gen posiblite pou ale lakay kliyan yo asiyen yo a dwe fè Sipèvizè yo a konn sa, lè yo rele biwo a. Si ijans la rive nan moman biwo yo pa fonksyone, pèsonèl la dwe suiv pwosedi ki an vigè nan moman biwo a pa fonksyone pou pale ak Sipèvizè l la (rele nan sèvis repondè a nan (212) 609-7600 pou dosye VNS Health/MLTC ak (212) 609-7700 pou dosye Swen Prive VNS Health yo.
3. Sipèvizè a pral detèmine si kliyan an gen bezwen yon sèvis ki ijan. Si kliyan gen yon pwoblèm konsa, yo pral fè lòt aranjman avèk anplwaye ki gen asiyasyon yo pou bay sèvis ki nesèsè a.
4. Si yo oblije voye yon ranplasan, Sipèvizè a ap bay asiyasyon an epi l ap fè kliyan an konn sa.
5. Si kliyan an pa montre li gen yon bezwen ki ijan, y ap fè kliyan an konnen li pa posib pou yo bay sèvis yo te prevwa bay la.
6. Anplwaye ki pa ka ale lakay kliyan yo abitye ale yo, epi ki disponib pou travay yon lòt kote, yo pral envite yo pou yo rete an kontak nan telefòn pou yo ka jwenn yon asiyasyon.
7. Yo pral envite anplwaye ki pa ka ale nan travay yo pou yo rete an kontak chak jou ak Sipèvizè yo pandan tout peryòd ijans la.

POLITIK POU PREZANS ANPLWAYE YO

Yo anplwaye Tout HHA yo pou yo jwe yon wòl enpòtan nan Swen Pèsonèl VNS Health. Menm jan ak nan tout gwoup k ap fè efò, yon fonksyonman ki efikas mande kolaborasyon ak patisipasyon tout moun. Se sa k fè, li vrèman enpòtan pou yon moun toujou prezan epi pou li respekte lè. Absans ak reta ki pa nesèsè yo mete kliyan yo an danje, yo chè, yo deranje moun epi yo mete yon chay ki pa nòmal sou do lòt anplwaye yo ak Sipèvizè yo. Swen Pèsonèl Vns Health prevwa pou chak HAA toujou prezan. Twòp absans oswa reta pral fè gen seyans fòmasyon ak sipèvizyon pou rive gen amelyorasyon. Si anplwaye a pa vrèman amelyore apre seyans fòmasyon sa yo, yo kapab revoke li. Antanke manm ekip la, yo atann pou HHA yo evite pwoblèm ki gen rapò ak prezans toutotan sa posib.

Sepandan, Swen Pèsonèl VNS Health konnen, pafwa, li kapab difisil pou evite absans ak reta yo. Nan sitiwayon konsa, HHA a gen responsablite pou mete Sipèvizè a okouran, ann amoni ak politik ki vin annapre a. Si ou mande yon lòt anplwaye, yon zanmi, oswa yon paran pou bay nouvèl sa a, se yon bagay ki pa nòmal epi sa ka lakoz yo ba ou seyans fòmasyon ak sipèvizyon pou gen amelyorasyon. Tanpri rele, fè konnen kalite maladi a, reta a, oswa absans ki prevwa a epi konbyen tan sa ap pran. Nan ka yon maladi, yo kapab mande HHA a pou l remèt Sipèvizè a, yon nòt doktè a bay, nan jou HHA a ap retounen travay la.

1. ABSANTEYIS

A. Anile yon Dosye

- a) HHA a gen obligasyon pou bay Sipèvizè a yon avi senk **(5) jou** davans, lè HHA bezwen pou yo ranplase l nan yon asiyasyon pou yon rezon ki pa ijan.
- b) Si HHA a bay Sipèvizè a yon avi nan **mwens pase senk (5) jou men venn kat (24) èdtan oswa plis** pou yo ranplase l pou yon rezon ki pa ijan, yo kapab fòme HHA la nan fason sa a:
 - 1) Premye okazyon - Konsèy Vèbal
 - 2) Dezyèm okazyon - Konsèy Ekri
 - 3) Twazyèm okazyon - Avètisman
 - 4) Katriyèm okazyon - Revokasyon
- c) Si HHA a bay Sipèvizè a yon avi nan **mwens pase venn kat (24) èdtan men douz (12) èdtan oswa plis** pou yo ranplase l nan asiyasyon l pou yon rezon ki pa ijan, yo kapab fòme HHA a nan fason sa a:
 - 1) Premye okazyon - Konsèy Ekri
 - 2) Dezyèm okazyon - Avètisman
 - 3) Twazyèm okazyon - Revokasyon
- d) Si HHA a bay Sipèvizè a yon avi nan **mwens pase douz (12) èdtan** pou yo ranplase l nan asiyasyon l pou yon rezon ki pa ijan, yo kapab fòme HHA a nan fason sa a:
 - 1) Premye okazyon - Avètisman
 - 2) Dezyèm okazyon - Revokasyon
- e) Si HHA gen yon ljans ki Jistifye epi bay Sipèvizè a:
 - 1) yon avi **ant douz (12) ak venn kat (24) èdtan** pou yo ranplase l nan asiyasyon l, yo pa pral pran okenn dispozisyon kont HHA a.
 - 2) yon avi nan **mwens pase douz (12) èdtan** pou yo ranplase l nan asiyasyon l, yo kapab fòme HHA a nan fason sa a:

- 1) Premye okazyon - Konsèy Vèbal
- 2) Dezyèm okazyon - Konsèy Ekri
- 3) Twazyèm okazyon - Avètisman
- 4) Katriyèm okazyon - Revokasyon

B. Kominikasyon Anreta

HHA a gen obligasyon pou l rele biwo a epi pou l pale ak yon Sipèvizè pandan **ven (20) minit apre lè ofisyèl la nan kòmansman** asiyasyon li pou l fè konnen li pa kapab bay kliyan an yon sèvis. Pa egzanp:

- a) Kliyan an pa vle kite HHA a antre.
- b) Kliyan an pa lakay li.
- c) Pa gen moun ki reponn nan pòt kay kliyan an.
- d) Kliyan an entène.
- e) HHA a nan lopital la pou pran kliyan an, men kliyan an pa egzeye.

Si HHA a pa pale ak Sipèvizè a nan **ven (20) minit**, yo kapab fòme HHA a nan fason sa a:

- 1) Premye okazyon - Konsèy Ekri
- 2) Dezyèm okazyon - Avètisman
- 3) Twazyèm okazyon - Revokasyon

REMAK: Si HHA a rele biwo a anvan 7:00 am oswa nan yon jou ferye, HHA a dwe rele sèvis repondè a nan (212) 609-7600 pou kliyan VNS Health/MLTC ak (212) 609- 7700 pou kliyan Swen Prive pou siyale absans oswa ijans.

C. **Reta** - Si HHA a pa twouve l kote pasyan an ye a nan lè yo te prevwa a, pou kèlkeswa rezon an, y ap konsidere sa kòm yon reta epi yo kapab fòme HHA a nan fason sa a:

1. Premye okazyon - Konsèy Vèbal
2. Dezyèm okazyon - Konsèy Ekri
3. Twazyèm okazyon - Avètisman
4. Katriyèm okazyon - Revokasyon

D. **Pa Vini/Pa Rele** - Si HHA a pa vini, li pa rele oswa li abandone asiyasyon l nan, y ap revoke l imedyatman. Si HHA a bay dokiman ki montre li te gen yon ijans, yo kapab fòme HHA a nan fason sa a:

- 1) Premye okazyon - Konsèy Ekri
- 2) Dezyèm okazyon - Avètisman
- 3) Twazyèm okazyon - Revokasyon

EGZIJANS POU TRAVAY NAN JOU KONJE AK NAN OKAZYON ESPESYAL

Politik ak pwosedi sa yo konsènan uit (8) jou ferye Legal ak Okazyon Espesyal ki vin annapre yo:

1. Sware Joudlan
 2. Dimanch Pak
 3. Jou Fèt Manman
 4. Sware Reveyon Nwèl
- a) HHA a dwe travay pandan kat (4) nan (8) jou ferye, de (2) kapab swa Thanksgiving, Nwèl oswa Joudlan.
- b) Yo pa pral bay HHA a otorizasyon pou l pran konje nan Jou Nwèl la pandan de (2) ane youn dèyè lòt.
- c) Pasyan yo pa disponib nan Jou Ferye yo ak nan Okazyon espesyal yo:
- d) HHA a gen obligasyon pou bay Sipèvizè a yon avi kat (4) jou davans, lè HHA a bezwen pou yo ranplase l nan yon asiyasyon pandan jou ferye ak/oswa Okazyon Espesyal ki vin annapre yo:
- I. Sware Joudlan
 - II. Jounen Joudlan
 - III. Jou Fèt Manman
 - IV. Sware Reveyon Nwèl
 - V. Jounen Thanksgiving
 - VI. Jou Fèt Nwèl
- e) HHA a gen obligasyon pou bay Sipèvizè a yon avi de (2) semèn davans, lè HHA bezwen pou yo ranplase l nan yon asiyasyon pandan Jou Ferye ak/oswa Okazyon Espesyal ki vin annapre yo:
- I. Dimanch Pak
 - II. Jou Memoryal
 - III. Jou Endepandans
 - IV. Fèt Travay
 - V. Anivèsè Washington
 - VI. Fèt Martin Luther King
- f) Yon Fòm pou Chwazi Jou Ferye (Gade Kit pou Dokiman yo) dwe ranpli pandan y ap pran anplwaye a nan travay la, epi nan chak ane sivil k ap vini yo. HHA a dwe chwazi kat (4) Jou Ferye kote HHA a pral travay pandan ane sa a. Chwa a dwe baze sou politik ki anwo yo. Tanpri, ale nan Seksyon Avantaj pou anplwaye yo ki nan Manyèl sa a pou jwenn plis enfòmasyon anrapò ak pèman pou travay pandan Jou Ferye yo.

POLITIK POU DISPONIBLITE

Anplwaye yo pa asiyen ak yon pasyan kounye a gen obligasyon pou yo **rele sipèvizè yo a chak jou pou yo jwenn travay**. TWA (3) jou oswa plis san okenn apèl konsidere kòm yon mankman. De (2) semèn san travay pral mande pou anplwaye a reyentegre anvan l reprann travay.

DOSYE MITYÈL

Tout Oksilyè Sante Adomisil yo k ap travay avèk de (2) kliyan oswa plis nan menm kay la anmenmtan, y ap peye yo 0,50 \$ anplis chak èdtan pou lè yo fè ap travay yo.

POLITIK POU TRAVAY NAN WIKENN

HHA a dwe disponib pou travay pandan wikenn, omwen de (2) fwa chak mwa. Si anplwaye a travay nan wikenn, li pral resevwa anplis \$1.10 pou chak èdtan pandan tout lè li fè ap travay nan wikenn yo. Si yo te pwograme yon HHA pou l travay sou yon dosye nan fen yon semèn, epi HHA a p ap ka disponib, li dwe bay Sipèvizè a yon avi senk (5) jou davans, yon fason pou Sipèvizè a ka ranplase l.

POLITIK POU SÈVIS RANPLASMAN

HHA a **PA** gen otorizasyon pou l chanje poukont li orè travay la, pou l chanje kliyan oswa pou l òganize yon sèvis ranplasman pou kliyan ki sou responsablite l yo. Sipèvizè Swen Pèsonèl la dwe fè tout chanjman yo davans.

POLITIK POU REPA

Lè l travay pandan tout yon jounen lakay yon kliyan, HHA a p ap gen tan pou kite kay la pou l al manje. Kidonk, HHA a dwe pote manje li, epi l ap manje l nan yon moman ki kalm. HHA a pa gen otorizasyon pou kite kay kliyan an, sèlman si Plan pou Swen an mande sa (sa vle di, pou al achte, fè lesiv).

RÈG SOU KONPÒTMAN

Tout konpayi, kèlkeswa aktivite yo, gen kèk règ sou konpòtman ki dwe respekte pou asire yon fonksyonman ki an sekirite epi ki pwodiktif. Swen Pèsonèl VNS Health pa fè eksepsyon. Nan anpil ka, se bon jijman anplwaye a k ap detèmine ki konpòtman ki apwopriye nan travay. Egzanp ki anba yo se egzanp sou konpòtman ki pa apwopriye. Lis sa a pa konplè epi Konpayi a ka pran dispozisyon ki ka rive jiska nan revokasyon, avèk ou san avi oswa motif, si li jije sa nesèsè.

1. Refize yon kliyan akoz laj, relijyon, eta sivil, enkapasite oswa andikap, kazye jidisyè, kote yon moun soti, ras zansèt li, kwayans, estati anrapò ak asistans sosyal, manm oswa patisipe nan yon komisyon lokal, estati ansyen konbatan, estati etranje oswa sitwayen, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, estati moun ki gen viris oswa dyagnostik.

2. Mete lavi yon kliyan an danje.
3. Pretann maltrete yon kliyan.
4. Neglijans nan egzekite responsablite ki asiye an.
5. Vòl ki sispèk, pwouve oswa ki repete.
6. Pa tounen soti nan yon konje otorize.
7. Dezobeyisans apre twa (3) refi pou aksepte dosye ak/oswa de (2) demann transfè dosye Sipèvizè a jije ki apwopriye anrapò ak posiblite pou gen aksè ak orè.
8. Pran abitud neglije antre enfòmasyon anrapò ak sèvis nan sistèm telefòn elektwonik la.
9. Abandone yon kliyan lè yo kite l anvan travay yo fini oswa anvan yon ranplasan oswa yon oksilyè ranplasan rive nan yon ka 24 èdtan.
10. Bay yon kliyan nimewo telefòn pèsònèl, telefòn selilè, oswa nimewo avètisè adistans.
11. Rezilta pozitif pou yon tès depistaj dwòg.
12. Vyolasyon tout lwa, règ, oswa òdonans.
13. Komisyon pou yon krim.
14. Mennen timoun/zanmi/paran nan travay.
15. Okenn prezans okenn apèl pou yon kliyan yo bay asiyasyon.
16. Dòmi nan lè travay la lakay kliyan an, sof si se yon ka pou yon sejou 24 èdtan.
17. Travay yon fason ki otonòm/an Prive pou yon kliyan nan Swen Pèsònèl Vns Health.
18. Vòlè oswa eseye vòlè byen ki pou Konpayi a, ki pou nenpòt kòlèg anplwaye, kliyan, oswa manm fanmi kliyan an.
19. Pa totalman kolabore ak yon fouy, yon enspeksyon oswa yon ankèt pou sekirite nan Konpayi a.
20. Dezobeyisans, sa pa sèlman gen ladan refize fè travay ki asiye yo, yon konpòtman oswa yon diskou ki agresif, ki pwovokan, ki malveyan oswa ki menasan anvè yon manm nan administrasyon an, yon kòlèg anplwaye, yon kliyan, oswa manm fanmi yon kliyan.
21. Manke politès oswa tout lòt konpòtman ki agresif nan relasyon ak etidyan, kòlèg

anplwaye oswa moun ki nan piblik la oswa envite komèsyal yo.

22. Falsifye oswa elimine yon fason ki volontè enfòmasyon ki enpòtan nan tout rapò oswa dosye, sa pa sèlman gen ladan demann pou travay, demann pou ranbousman oswa anrapò ak sistèm telefòn elektwonik la.
23. Siyen nan plas yon lòt anplwaye oswa mande yon lòt anplwaye pou siyen nan non HHA a, ni pou antre ni pou soti.
24. Posede, itilize, distribye oswa vann dwòg ki ilegal oswa alkòl nan lè travay la oswa rete sou enfliyans dwòg ilegal oswa alkòl nan nenpòt ki moman nan lè travay la oswa nan nenpòt moman nan lokal pwopriyete Konpayi a oswa nan aktivite pwofesyonèl.
25. Li entèdi pou moun fimen nan lokal yo, sitou lakay kliyan yo.
26. Pèfòmans pwofesyonèl ki pa bay satisfaksyon.
27. Kantite reta oswa absans ki egzajere oswa manke bay avètisman ki rezonab (oswa yon esplikasyon ki akseptab) lè HHA a pral rive anreta oswa ap absan nan travay li.
28. Vyolasyon règ Konpayi a entèdi pou pa mande oswa distribye.
29. Retire oswa defòme avi ki sou tablo afichaj Konpayi a oswa maltrete byen Konpayi a.
30. Patisipe nan aktivite ki agase moun, konpòtman ki deregle, ki malveyan oswa vyole règ sou sekirite ki gen rapò ak bonsans.
31. Pote bagay ki ka eksploze oswa zam nan lokal Konpayi a oswa nan rezidans yon kliyan.
32. Refize bay enfòmasyon oswa temwayaj ki enpòtan lè Konpayi a ap mennen tout kalite ankèt oswa ap defann tèt li kont tout reklamasyon, akizasyon oswa pwosè.
33. Di move bagay sou Konpayi a oswa sou lòt anplwaye yo an piblik.
34. Pataje ak lòt moun enfòmasyon konfidansyèl sou Konpayi a, sou aktivite l yo oswa sou politik li yo.
35. Fè jwèt ki gen rapò ak lajan pandan ou nan pwopriyete konpayi a oswa pandan ou nan aktivite pwofesyonèl pou Konpayi a.
36. Gaspiye avèk neglijan materyèl yo oswa mal sèvi ak materyèl ki pou Konpayi a.
37. Detwi oswa andomaje volontèman byen Konpayi a.

38. Vyolasyon règ sou sekirite ak sou bonjan netwayaj anrapò ak Konpayi a.
39. Aksepte kado oswa jès ki montre rekonesans nan men kliyan yo.
40. Vizite kliyan yo nan moman ki pa lè travay ou oswa nan yon moman kote ou pa nan asiyasyon sa a ankò.
41. Pataje nimewo telefòn kliyan yo.
42. Aksepte pran lajan nan men kliyan yo san otorizasyon.
43. Aksepte pran kle kliyan yo san Enfimyè Vizitè a (Visiting Nurse) oswa Sipèvizè Swen Prive ki nan Zòn nan (Private Care Field Supervisor) pa bay yon otorizasyon ki siyen.
44. Vyolasyon detanzantan tout lòt règ oswa tout lòt règleman Konpayi a pibliye.
45. Gen yon relasyon pèsonèl oswa seksyèl ak yon kòlèg travay lakay kliyan an.
46. Gen yon relasyon pèsonèl oswa seksyèl ak yon kliyan oswa yon manm nan fanmi kliyan an.
47. Vyole lavi prive kliyan an lè ou fè foto l - avèk yon telefòn selilè oswa lòt aparèy.
48. Sèvi ak tout kalite aparèy elektwonik nan travay la. (Telefòn selilè, iPod elatriye.)
49. Pa respekte fidèlman lwa HIPPA yo, sitou nan sa ki gen rapò ak konfidansyalite pasyan an.

EVALYASYON REZILTA YO

Evalyasyon Administratif yo enpòtan nan evalyasyon kalite travay la epi yo se yon mwayen pou HHA a ansanm ak Sipèvizè a diskite sou enkyetid yo chak genyen ak sou pwogrè yo. Chak ane oswa chak fwa sa nesèsè, yo fè rapò tout evalyasyon yo. Sipèvizè a pale sou evalyasyon yo avèk HAA a anvan yo mete l nan dosye pèsonèl la. Yo pral remèt yon kopi nan evalyasyon sa a ak HHA a si li mande sa. [Tanpri gade modèl evalyasyon an nan Kit pou Dokiman yo]

POLITIK DOSYE VENNKAT (24) ÈDTAN

- A. **Dòm:** Yo pa bay HHA a otorizasyon pou l dòmi nan nenpòt ki lè pandan li lakay yon kliyan. **SÈL** eksepsyon ki gen nan règ sa a se konsènan ka kote gen yon sejou venn kat (24) èdtan.
- B. **Relèv:** Nan kote yo bay sèvis la pandan 24 èdtan, HHA a dwe rete avèk kliyan an jiskaske oksilyè k ap fè relèv la vini. Si oksilyè k ap fè relèv la pa rive nan lè

yo te prevwa a, HHA a dwe kontakte Sipèvizè a. pa mwayen sèvis repondè a, si sa nesesè. **HHA a pa dwe janm kite kliyan yo poukont yo.**

POLITIK POU DEMANN AK DISTRIBISYON

Swen Pèsonèl VNS Health kwè yo pa ta dwe deranje oswa entèwonp anplwaye yo lè y ap egzèsè fonksyon yo. Se pou rezon sa a tout demann sou kèlkeswa fòm nan entèdi pandan moman travay yo. Demann pou moun ki pa anplwaye sou kèlkeswa fòm nan entèdi tout lè. Yo entèdi distribisyon tout kalite dokiman piblisite, feyè, oubyen dokiman enprime oswa ekri nan tout espas travay yo toutan. Yo entèdi tou distribisyon dokiman moun ki pa anplwaye yo nan lokal Konpayi yo nan tout lè.

ÈD POU KLIYAN YO

- A. **Politik ki Gen Rapò ak Akonpayman** - Avèk otorizasyon Enfimyè Vizitè a, yo kapab mande HHA a pou l akonpaye kliyan an. Sa dwe fèt nan transpò piblik oswa nan kèk ka espesyal, pou pwomnad oswa nan anbilans. **Nan okenn sikonstans, HHA a pa dwe deplase ak yon kliyan nan machin pèsonèl li.** Sepandan, avèk apwobasyon enfimyè a, HHA a kapab akonpànye yon kliyan nan machin kliyan an oswa yon manm fanmi li akondisyon **HHA a p ap kondui machin nan.**
- B. **Politik pou depans** - HHA a otorize pou l itilize plis pase \$50.00 nan yon okazyon nan lajan kliyan an, sof si li te jwenn otorizasyon Enfimyè Vizitè a **ALAVANS** oswa nan ka Swen an Prive yo, Sipèvizè a. Gen asirans gen resi, chak fwa lajan kliyan an te itilize. Pou tout sòm lajan ki pou yon kliyan ki depase \$50.00 ki pèdi oswa vòlè , epi HHA a pa t gen otorizasyon **ALAVANS** pou pote, HHA a pral responsab pou l ranbouse kliyan an.
- C. **Labank** - HHA a pa gen otorizasyon pou jere tranzaksyon yon kliyan fè labank, sof si sa mansyone byen klè nan Plan pou Swen an, **epi HHA a te jwenn alavans apwobasyon Sipèvizè a.** HHA a pa dwe janm itilize kat ATM yon kliyan pou tranzaksyon labank.

AVI POU DEMISYON

HHA a gen obligasyon pou l soumèt yon lèt nan mwens pase de (2) semèn anvan dènye jou travay li.

RÈGLEMAN POU INIFÒM

Inifòm, yo mande pou pote nan **TOUT** moman kote y ap sèvi yon kliyan se (pou fi yo) yon wòb inifòm blan oswa ble maren, oswa yon blouz oswa chemiz ak yon pantalon blan oswa ble maren (pou gason) - yon inifòm pou oksilyè ki blan oswa ble maren. Tout inifòm yo dwe pwòp epi byen ranje pandan toutan.

- **Ba** - Yo otorize **SÈLMAN** ba ki blan oswa ki gen koulè chè.

MANYÈL POU OKSILYÈ SANTE ADOMISIL

SWEN PÈSONÈL

- **Soulye** - Blan Yo entèdi soulye talon oswa sandal pou rezon sekirite. Ou kapab mete tenis ki pwòp. Sepandan, sonje yo pa pwoteje zòtèy yo pou sizoka yon bagay tonbe sou yo.
- **Bijou** - Ou gen otorizasyon pou ou mete sèlman yon bag maryaj, zanno ak yon mont. Pou rezon sekirite, sonje pa mete bijou ki koute chè oswa ki egzajere.
- **Kat Idantifikasyon** - Tache kat idantifikasyon an nan kole inifòm nan. Li fè pati règleman abiman inifòm nan epi ou **DWE** toujou pote l toutan nan tout sitiyoasyon. **Kat Idantifikasyon an se byen Swen Pèsonèl epi ou DWE remèt li lè ou p ap travay nan Konpayi a ankò.** Si HHA a pèdi kat la, yo pral ba l yon lòt kat idantifikasyon epi l ap bay \$3.00 kòm frè. HHA a dwe rele Depatman Resouzimèn nan pou l ka pran yon randevou pou fè yon foto.
- **Kwafi & Ijyèn** - Yo dwe tache cheve long yo pa dèyè. Zong yo dwe koupe kout. Yo egzije yon ijyèn ki rezonab **NAN TOUT LÈ** Pou plis enfòmasyon, tanpri ale nan dispozisyon anrapò ak alokasyon pou Inifòm ki nan Manyèl sa a.

POLITIK SOU FIMEN

Ann amoni ak responsablite Swen Pèsonèl VNS Health, selon Lwa sou Espas ki pa gen Lafimen nan Vil New York (New York City Smoke-Free Air Act) ak Atik 13-E nan Lwa sou Sante Piblik nan Eta New York (New York State Public Health), li **entèdi** pou fimen pandan tout tan nan tout espas nan lokal ki aksesib ak piblik la an jeneral, ak nan zòn ki gen moun k ap travay ansanm, ak nan lòt zòn nan lokal ki aksesib ak anplwaye yo an jeneral, sa gen ladan sal pou anplwaye yo, nan kafeterya ak/oswa nan salamanje pou anplwaye yo, nan sal reyinyon ak konferans yo, nan oditoryòm yo, nan salklas yo, nan asansè yo, nan eskalye yo, nan koulwa yo, nan twalèt yo, nan espas medikal pou anplwaye yo, nan zòn fotokopi yo, nan zòn tretman tèks yo, nan achiv yo, nan sal kourye yo, nan depo yo, nan espas resepsyon yo ak nan tout lòt zòn ki gen lòt kalite materyèl pou biwo tout anplwaye itilize yo. **Li entèdi tou pou fimen lakay kliyan yo.** Li entèdi pou gen sandriye nan tout espas ki pa gen moun k ap fimen yo.

Vyole politik sa a ka lakoz yo pran sanksyon, ki ka rive jiska nan revokasyon. Tout moun kapab eksprime dezakò yo anrapò lafimen ki rasanble nan nenpòt espas moun pa fimen, san yo pa pè pou yo pran sanksyon kont yo nan Direksyon Asosyasyon Komèsyal HR yo.

Yo pral voye kopi nan politik sa a bay anplwaye yo ansanm ak kandida ki fè demann pou travay yo. Yo mande epi yo prevwa pou Pèsonèl Swen an konfòme l ak responsablite legal yo selon lwa sou sante piblik nan Vil New York.

PWOGRAM SANTE

Egzamen Fizik anvan yo Anplwaye yon Moun - Depatman Sante nan New York ak Swen Pèsonèl la mande pou tout HHA yo pase yon egzamen fizik anvan yo anplwaye yo, sa ki gen ladan yon Tès Depistaj Antikò kont Ribeyòl (Lawoujòl Alman) anvan yo jwenn yon nominasyon nan pèsonèl la. Pèsonèl Swen an pral peye pou egzamen sa a.

Tès Tibèkiloz Mantoux ak Radyografi Poumon - Depatman Sante nan Eta New York mande pou tout manm nan pèsonèl la ki an kontak dirèk avèk kliyan yo pou yo fè yon tès depistaj ak yon evalyasyon pou tibèkiloz anvan yo antre an kontak avèk kliyan yo, epi annapre chak ane.

Swen Pèsonèl la pral voye bay tout moun ki gen posiblite pou yo vin anplwaye yo yon tès depistaj pou po pou detekte Tibèkiloz. Sèl eksepsyon ki genyen gen rapò ak moun ki prezante yon dokiman doktè yo a siyen ki montre yo te gen yon reyaksyon pozitif epi yo pa mande yo tès pou po a. Moun sa yo pral fè yon premye radyografi poumon ak lòt radyografi poumon annapre chak ane, si moun sa yo toujou gen siy yo ak sentòm tibèkiloz yo oswa si yo vin devlope. Moun ki gen yon reyaksyon negatif yo pral soumèt yon tès pou po chak ane.

Vaksen kont Epatit B - Yo mete okouran Tout anplwaye ki nan Swen Pèsonèl la sou disponiblite vaksen sa a, epi yo bay li gratis ak manm nan pèsonèl la ki gen yon risk ekspozisyon ki nòmal.

Tès Depistaj pou Antikò Kont Ribeyòl (Lawoujòl) - Yo pral mande Anplwaye ki fèt nan jou ki te 1/1/57oswa aprè dat sa a pou yo bay yon dokiman ki bay prèv yo pa gen lawoujòl nan san yo nan moman y ap pase egzamen medikal yo a. Si li pa ka bay dokiman sa a, yo pral pase anplwaye a yon tès.

Si rezilta tès yo montre anplwaye a genyen l nan san l, yo pral ba li vaksen kont lawoujòl gratis nan yon sant sante ki gen kontra ak Swen Pèsonèl la.

Rapò Sante chak Ane - Tout HHA ki nan Swen Pèsonèl VNS Health yo dwe fè yon bilan sante chak ane ann amoni ak politik Konpayi a ansanm ak règleman Depatman Sante nan Eta New York la. Bilan sante chak ane a gen ladan yon kesyonè sou Tibèkiloz. Bilan sante chak ane anplwaye a, ki gen ladan kesyonè sou Tibèkiloz la, se yon fòm pou anplwaye a ranpli poukont li ki gen espas pou l fè kòmantè.

Konseye pou sante anplwaye a oswa moun yo chwazi a pral distribye, rasanble epi egzamine fòm nan. Yo gen dwa mande yon atestasyon anrapò ak suivi yon doktè. Tout anplwaye ki pa bay fòmilè sa yo pa pral gen otorizasyon pou yo travay pou jiskaske yo ranpli l.

Pataje Enfòmasyon sou Sante- Tout anplwaye ki mande pou yo pataje avè l dosye sante li oswa ak yon lòt ajans dwe soumèt yon demann ekri epi peye frè yo egzije yo. Swen Pèsonèl VNS Health pral fè anpil efò pou reponn yon demann nan senk (5) jou yo fonksyone apre dat yo resevwa demann ekri a

Otorizasyon pou Retounen Travay - Tout anplwaye ki pa t travay pandan senk (5) jou oswa plis pou rezon medikal dwe jwenn nan men yon doktè yon otorizasyon ekri ki fè konnen li kapab retounen travay. Sa pèmèt gen asirans tout travayè yo konfòme yo ak règleman Konpayi a ak Depatman Sante a anvan yo asiyasyon yo.

POLITIK SOU ESPAS TRAVAY SAN DWÒG AK ALKÒL

I. DEKLARASYON ANRAPÒ AK MISION

Swen Pèsonèl VNS Health bay swen ak moun aje, moun ki enfim oswa moun ki malad grav, sa ki mande yon angajman total anrapò ak byennèt kliyan an. Kidonk, Swen Pèsonèl VNS Health gen yon gwo enterè pou garanti yon anviwònman travay ki fyab, ki pwòp epi ki an sekirite pou anplwaye yo ansanm ak kliyan yo. Prezans oswa konsomasyon sibstans ilegal ki sou kontwòl oswa ki pa apwopriye, oswa alkòl nan espas travay la opoze ak enterè sa yo ki vrèman enpòtan, epi sa ka mete an danje nonsèlman sante ak sekirite anplwaye a, men tou sante ak sekirite kliyan Swen Pèsonèl VNS Health yo ansanm ak kapasite Swen Pèsonèl VNS Health genyen pou l bay bonjan kalite swen. Pou rezon sa yo, yo te etabli yon politik pou espas travay san dwòg ak alkòl. Politik sa a reprezante sèlman rekòmandasyon administratif epi yo pa dwe konsidere l tankou yon kontra travay. Mete sou sa, Konpayi a gen yon pwogram pou depandans dwòg ak alkòl. Depistaj dwòg ak/oswa alkòl fè pati esansyèl pwogram depandans dwòg ak alkòl Swen Pèsonèl VNS Health la. Tout moun ki aplike ak anplwaye yo pral resevwa yon kopi nan politik sou depandans dwòg ak alkòl la.

II. KONPÒTMAN KI ENTÈDI

Li entèdi pou anplwaye yo vin travay oswa rete nan travay avèk yon to konsomasyon alkòl 0.02 oswa plis. Mete sou sa, li entèdi pou anplwaye yo konsome alkòl nan lè travay yo, sa gen ladan tou lè y ap manje oswa nan moman poz. Yo pa aplike entèdiksyon sa a pou konsomasyon alkòl ki otorize nan

Aktivite oswa evènman Konpayi a finanse. Anplwaye yo pa gen dwa refize pou yo fè nenpòt tès depistaj dwòg ak/oswa alkòl politik Konpayi a egzije anrapò ak depandans dwòg ak alkòl. Mete sou sa, li entèdi pou anplwaye yo patisipe nan distribye, livre, mande, vann, transfere oswa posede alkòl yon fason ki ilegal oswa san otorizasyon, pandan aktivite Konpayi a finanse yo. Li entèdi tou pou anplwaye yo kontinye travay si yo teste pozitif nan dwòg ak/oswa alkòl. Li entèdi pou anplwaye yo vin travay oswa rete nan travay si yo konsome sibstans ki ilegal, sof si konsomasyon sa a ann amoni ak enstriksyon yon doktè ki lisansye.

III. TÈS OBLIGATWA ANRAPÒ AK DWÒG AK/OSWA ALKÒL

Konpayi a pral mande tout kandida li te fè yon òf pou travay sou kondisyon pou yo bay yon tès depistaj dwòg pou verifye si gen prezans dwòg ilegal. Youn nan kondisyon pou anplwaye yon moun, li dwe gen yon rezilta negatif. Mete sou sa, tout anplwaye ki la kounye a yo kapab gen obligasyon pou bay tès depistaj pou dwòg ak/oswa alkòl, sizoka gen bonjan rezon pou yo sispèk, tès depistaj ki fèt owaza, rekòmanse travay ansanm ak suivi anrapò ak retablisman. (Gade politik sou depandans dwòg ak alkòl pou detay ki pi egzak). Konpayi a pral respekte pwosedi federal yo anrapò ak pwogram pou depistaj dwòg ak alkòl nan espas travay la nan sektè transpò, lwa 49 CFR Part 40, jan yo te amande l la ak/oswa lwa eta a pou tout tès depistaj dwòg ak alkòl ki fèt sou baz politik sa a. Pwosedi sa yo garanti omwen entegrite,

MANYÈL POU OKSILYÈ SANTE ADOMISIL

SWEN PÈSONÈL

konfidansyalite ak konfyans nan pwosesis pou depistaj yo, pwoteje enfòmasyon ki fyab anrapò ak rezilta tès yo, epi gen garanti yo bay rezilta tès yo ak moun ki apwopriye a. Mete sou sa, pwosedi sa yo minimize, toutotan sa posib, efè sa ka gen sou lavi prive ak sou diyite moun ki fè tès sa yo.

Yo pral itilize echantyon pipi pou fè tès depistaj dwòg yo. Se laboratwa Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken (U.S. Department of Health and Human Services) sètifye ki pral fè tout tès depistaj dwòg yo. Yo pral itilize echantyon krache ak/oswa souf pou fè tès depistaj alkòl yo.

IV. KONSEKANS POU VYOLASYON POLITIK YO

Tout kandida ki refize fè yon tès depistaj dwòg anvan yo anplwaye yo oswa ki jwenn yon rezilta pozitif ki konfime yon tès depistaj dwòg pa kalifye pou Konpayi a anplwaye yo. Mete sou sa, tout kandida ki modifiye oswa ki eseye modifiye oswa ki ranplase yon echantyon pipi pa kalifye pou yo anplwaye yo. Tout anplwaye ki refize bay yon tès depistaj dwòg ak/oswa alkòl oswa ki modifiye oswa ki eseye modifiye oswa ki ranplase yon echantyon pipi ap revoke. Nenpòt anplwaye ki gen tès depistaj dwòg ak/oswa alkòl ki konfime pozitif pral sanksyone, sa ka rive jiska nan revokasyon. Tout anplwaye ki vyole politik sa a ak politik Konpayi a anrapò ak depandans dwòg ak alkòl sou kèlkeswa fòm nan, y ap retire l imedyatman nan travay li ye a epi li pral sanksyone, sa ka rive jiska revokasyon.

V. ENSPEKSYON BYEN

Mete sou tès yo, Konpayi a gen dwa pou l pran lòt desizyon legal ki apwopriye pou l fè aplike politik sa a, sa pa sèlman gen ladan l dwa pou enspekte kazye yo, biwo yo, machin Konpayi a oswa lòt byen Konpayi a genyen. Konpayi a gen dwa pou l enspekte byen yon anplwaye lè gen yon rezon valab pou yo kwè anplwaye a kapab genyen oswa vyole bagay yo entèdi ki gen rapò ak dwòg ak/oswa alkòl ann amoni ak politik sa a.

VI. RESPEKTE POLITIK LA KÒM KONDISYON POU TRAVAY

Pou yon moun vin yon anplwaye nan Konpayi a, sa gen rapò ak respè total politik ki mansyone anwo a anrapò ak yon espas travay san dwòg ak alkòl. Tout vyolasyon politik sa a ka lakoz yo pran sanksyon, ki ka rive jiska nan revokasyon. Mete sou sa, tout anplwaye ki vyole politik sa a oswa ki chèche, yon fason volontè, jwenn èd pou yo kapab oblije patisipe nan yon pwogram pou konsèy, asistans oswa retablisman anrapò ak dwòg ak/oswa alkòl, anrapò ak oswa pou ranplase sanksyon yo, epi ki reyisi fini pwogram nan avèk siksè, kòm kondisyon pou yo konsève travay yo. Konpayi a bay garanti tout enfòmasyon konsènan konsomasyon dwòg ak/oswa alkòl sou yon moun pral rete konfidansyèl.

Ann amoni ak politik pou gen ekilib nan domèn travay, Konpayi a kenbe yon politik san diskriminasyon, epi l ap fè efò pou l fè aranjman ki nesèsè pou ede moun ki gen depandans anrapò ak dwòg oswa alkòl yo pou yo jwenn tretman, epi pou ede moun dosye medikal yo montre yon tretman pou pwoblèm ki gen rapò ak depandans dwòg oswa alkòl. Nou ankouraje

anplwaye yo pou yo chèche èd anvan depandans dwòg oswa alkòl yo a fè yo pa kapab fè travay yo gen sou responsablite yo ki enpòtan, oswa pou yo pa mete sante yo ak sekirite yo an danje oswa sante ak sekirite lòt moun an danje. Konpayi a pral fè efò pou l ede HHA ki konsène a, l ap oryante li nan pwogram pou èd oswa pou reedikasyon, l ap ba l konje ki apwopriye, l ap pran lòt dispozisyon, akondisyon HHA a pa bay Konpayi a lòt pwoblèm ki egzajere, ak/oswa pa mete an danje sante ak sekirite anplwaye a oswa sante ak sekirite kòlèg li yo, kliyan yo oswa piblik la.

DEKLARASYON DWA AK RESPONSABLITE KLIYAN YO

Swen Pèsonèl VNS Health pwoteje epi defann dwa chak kliyan. Kliyan an kapab egzèse dwa sa yo, yon reprezantan kliyan oswa toulede. Tout manm pèsonèl la gen obligasyon pou yo suiv epi respekte dwa kliyan yo kòm konsomatè sèvis swen yo adomisil.

PREKOSYON AK MATERYÈL INIVÈSÈL

Yo etabli rekòmandasyon ak materyèl inivèsèl yo pou garanti pi bon kalite swen pou kliyan yo. Yo mande pou moun k ap bay swen an itilize tabliye ak gan lè l ap benyen **TOUT** kliyan yo oswa lè l ap manyen likid ki soti nan kò tankou pipi, san, oswa tout lòt dechè ki soti nan kò a.

An jeneral, kliyan yo gen materyèl (gan ak tabliye) nan kay la. Yo bay HHA a yon lòt gwoup materyèl nan kit pou fòmasyon an. HHA a ta dwe toujou pote gan ak tabliye sa yo lakay chak kliyan epi sèvi avèk yo lè kliyan an pa gen materyèl ki disponib. HHA a ta dwe fè Enfimyè Vizitè a konnen lè yo dwe fè lòt kòmman materyèl pou kliyan yo. Yon Fòm pou Kòmman materyèl pou HHA a toujou mache ansanm ak materyèl Swen Pèsonèl VNS Health bay yo, epi HHA a dwe ranpli li dis (10) jou anvan vin gen bezwen pou lòt materyèl. Voye nan imel Fòm pou Kòmman Materyèl yo lè li nesèsè pou gen lòt materyèl. Si materyèl yo pa rive atan, HHA a dwe mande Sipèvizè a pou ede l jwenn materyèl ki nesèsè pou kliyan an.

Yo te anseye prekosyon inivèsèl yo nan kad fòmasyon HHA yo epi yo pral kontinye mete aksan sou yo nan kou fòmasyon siplemantè yo. Yo gen ladan yo:

1. Lave men

- A. Lave men yo anvan ak apre yo pran swen yon kliyan. Sa gen ladan **anvan** ou mete gan yo epi **apre** ou fin retire gan yo.
- B. Lave men yo anvan ou fè manje ak lè ou fin fè manje.
- C. Lave men yo anvan ak apre ou fin sèvi nan twalèt yo.

2. Yo ta dwe mete gan yo lè yo:

- A. Ap travay ak yon kliyan ki pa gen kontwòl sou kò l.
- B. Bay swen nan bouch.
- C. Bay swen anrapò ak katetè.
- D. Chanje lenj, kouch, pansman ki pa esterilize oswa sèvyèt ijyenik.
- E. Lè gen risk pou ekspozè ak san oswa lòt likid ki sot nan kò.

3. Yo bay **tabliye** yo pou ede HHA a kenbe inifòm li pwòp, epi li ta dwe mete l lè:
 - A. L ap benyen yon kliyan
 - B. Nan tout lòt demach ki ka fè ti gout dlo tonbe sou kò l.
4. Li ta dwe pote **Mask ak Linèt** pou Pwoteksyon si yon demach ka lakoz ti gout dlo vole. Enfimyè a ap fè HHA a konnen si li nesèsè pou l pote mask ak linèt pou pwoteksyon.

REMAK: Si HHA a vin gen kontak ak san oswa ak likid ki sot nan kò pandan l ap travay, HHA a dwe:

1. Lave kote a avèk dlo kou sa posib apre l sot nan sitiyaasyon an. Si kontak la gen rapò ak yon razwa ki koupe oswa yon pike nan yon egwi, ou dwe peze kote ou blese a epi lache l pou l ka senyen anvan ou lave espas la.
2. Tout kontak ak san oswa ak likid yon kliyan nan yon espas ki ouvè oswa ki fisire nan kò a dwe lave imedyatman ak savon epi ak dlo.
3. Si HHA a an kontak ak san oswa ak likid ki sot nan kò, **HHA a dwe kontakte Sipèvizè a imedyatman.** Li pral refere HHA a ak Konseye Sante Anplwaye yo oswa yon Responsab klinik ki gen gad pou yon suivi ki apwopriye.

Elimine Dechè - Li enpòtan pou ou pratike prekosyon inivèsèl yo lè ou ap elimine bagay ki te kontamine ak likid ki sot nan kò oswa ak san. Ou ta dwe toujou mete gan lè ou ap manyen bagay ki te kontamine [Gade lòt enfòmasyon nan Kit pou Dokiman yo].

ENFÒMASYON ANRAPÒ AK KLIYAN VIH

Konfidansyalite vle di kliyan yo gen dwa pou yo respekte lavi prive yo anrapò ak enfòmasyon sou sante yo. Yon pwofesyonèl k ap bay swen sante pa gen dwa pale sou eta sante yon kliyan avèk yon lòt moun san konsantman kliyan an. Swen Pèsonèl VNS Health detèmine pou l anpeche yo pibliye yon fason ki pa apwopriye oswa san otorizasyon tout enfòmasyon konsènan yon kliyan, sa gen ladan non, adrès, nimewo telefòn li, nimewo sekirite sosyal li, analiz ak nimewo dosye medikal li.

Chapit 584 nan Lwa sou Sante Piblik nan Eta New York la egzije pou gen yon tretman espesyal pou enfòmasyon ki gen rapò ak VIH yo. Enfòmasyon ki gen rapò ak VIH yo kapab pibliye (fè lòt moun konnen) **sèlman** si enfòmasyon sa yo nesèsè pou swen oswa tretman ki nòmal pou kliyan an. (Sonje, viris VIH la bay SIDA). Lè yo bay HHA a enfòmasyon ki gen rapò ak VIH

konsènan yon kliyan, sonje Lwa ki nan Eta a pwoteje piblikasyon enfòmasyon sa a. Lwa nan Eta a entèdi pou HHA a pibliye enfòmasyon sa yo san konsantman ekri moun ki konsène a, epi yon fason ki klè. ***NENPÒT LÒT PIBLIKASYON ENFÒMASYON KI VYOLE LWA ETA A KA LAKÒZ OU PEYE YON AMANN OSWA ALE NAN PRIZON OSWA TOULEDE.***

PLAN KONTWÒL POU EKSPÒZISYON – AJAN PATOJÈN SAN AN POTE

Swen Pèsonèl VNS Health etabli yon politik ak pwosedi ki ini konsènan posiblite pou anplwaye yo an kontak ak ajan patojèn san an pote yo. Fòmasyon, dispozisyon anrapò ak prevansyon, pwosedi pou ijans, mwayen pou bay rapò epi yo te mansyone tou suivi ki pral fèt yo.

Politik

Swen Pèsonèl VNS Health detèmine pou l bay kliyan l yo bonjan kalite swen tout pandan l ap pwoteje anplwaye yo kont ajan patojèn san an pote yo, yon fason ki an sekirite. Kidonk, Swen Pèsonèl VNS Health dwe soumèt li anba règleman ki etabli, ki an vigè, nan nivo federal, nan eta a ak nan vil la.

Yon anplwaye, nan kad travay li, ki gen dwa te deja an kontak ak ajan patojèn san an pote apre anndan po li (sa vle di, po) te an kontak, oswa mizek yo (nen, bouch, twou dèyè, elatriye.) te an kontak ak gout san oswa lòt likid ki soti nan kò, dwe imedyatman jwenn yon Enfimyè nan Sèvis Sante Anplwaye yo pou fè yon evalyasyon, yon fason pou:

1. Konfime te gen yon kontak ki te fèt.
2. Idantifye ki ajan ki gen dwa te transmèt ak risk pou gen enfeksyon.
3. Kòmanse bay kote ki blese a swen ak tretman ki apwopriye apre kontak la.
4. Jwenn fòmasyon ak konsèy anrapò ak risk pou gen enfeksyon.
5. Garanti yon suivi medikal ak sikolojik ki apwopriye.

Anplwaye ki Riske Gen Kontak nan Travay yo

Anplwaye ki gen responsablite nan travay yo ki fè yo gen kontak fizik ak kliyan oswa ak likid ki soti nan kò kliyan yo konsidere kòm moun ki riske gen kontak nan travay yo, yon fason ki nòmal.

1. Oksilyè Swen Sante Adomisil
2. Enfimyè Oksilyè Diplome
3. Administratè, Sèvis Klinik
4. Fizyoterapet
5. Enfimyè Otorize
6. Yon Sipèvizè RN sou Teren

Pwosed

1. **Pratik pou Prevansyon:** Rezon pou Itilize Baryè pou Pwoteksyon
 - a. *Itilize yon fason ki regilye pou evite gen kontak avèk san oswa lòt materyèl ki ka enfekte (sa vle di, likid ki soti nan kò).*
 - b. *Egzije tout kote nan monn nan paske dosye medikal yo pa idantifye yon fason moun ka fè konfyans tout kliyan ki enfekte ak viris iminodefisyans imèn nan (VIH), viris epatit B (HBV), ak lòt viris san an pote (HTLV-1, HTLV-11, HIV-2, epatit NANB)*

2. **Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE)**

- a. Itilizasyon - Itilize ekipman pwoteksyon pèsonèl (personal protective equipment, PPE) ki apwopriye nan tout ka kote gen risk pou gen kontak nan kad travay.
- b. Disponibilite - Yo disponib epi yo fasil pou jwenn nan chak biwo, nan dimansyon ki apwopriye epi san anplwaye a pa peye.

Gan ki diminye risk pou pran alèji yo fasil pou jwenn nan men anplwaye ki alèji ak gan yo abitye bay yo.

Gan ki pa gen poud yo fasil pou jwenn nan men anplwaye ki alèji ak gan ki poudre yo.

Egzanp PPE:

Gan, Tabliye, Ekran Fasyal, Mask, Linèt Pwoteksyon.

- c. Deskripsyon

Nan tan nòmal, PPE yo pa kite san oswa lòt matyè ki ka enfekte travèse yo oswa tonbe sou rad, souvètman, po, je, bouch oswa sou lòt pati nan mizez yon anplwaye pandan moman y ap sèvi avèk yo. PPE yo pwoteje rad, souvètman, po, je, bouch ak lòt pati nan kò yon anplwaye pou yo pa kontamine ak san oswa lòt materyèl ki posib pou enfekte.
- d. Si PPE yo pa Disponib
 - Anplwaye a ap fè Sipèvizè l konnen imedyatman PPE yo pa disponib, epi Sipèvizè a pral chèche jwenn materyèl ki nesèsè yo.
 - Sipèvizè a ap mete Direktè a oswa Administratè a okouran

PREVANSYON POU EPATIT B

VAKSEN

1. Kandida

Swen Pèsonèl la dwe bay seri vaksen kont Epatit B yo ak anplwaye ki gen yon risk nòmal pou gen kontak nan travay yo. Anplwaye ki gen yon kontak fizik ak kliyan yo oswa ak likid ki soti nan kò kliyan yo nan yon risk ki nòmal.

2. Pwosed

a. Gratis.

b. Planifikasyon:

1. Montan ak lè jan sa mansyone nan metòd medikal la.
2. Se Sèvis Sante Anplwaye yo ki planifye randevou yo nan lè travay nòmal yo ak otorizasyon Sipèvizè a, selon bezwen Konpayi a genyen pou l fonksyone.
3. Yo bay li nan fen seyans fòmasyon yo epi li disponib toutan lè yo mande l (piske anplwaye nan Swen Pèsonèl VNS Health la ap toujou pran yon risk nòmal pou gen kontak nan kad travay li.
4. Swen Pèsonèl VNS Health bay anplwaye a (yo), depi seri vaksen yo fini, youn oswa plizyè dòz rapèl vaksen kont Epatit B si doktè a jije vaksen an pa t pwoteje l (yo). Yo pral bay anplwaye yo posiblite sa a gratis. Ann amoni ak rekòmandasyon Sèvis Sante Piblik Etazini.
5. Patisipasyon nan pwogram depistaj alavans la pa yon kondisyon obligatwa pou pran vaksen.

3. Refize Vaksinen Kont Epatit B

Anplwaye a dwe siyen Deklarasyon Refize Vaksinen Kont Epatit B a

Yo pa pral bay vaksen an si:

- a. *anplwaye a te deja pran tout seri vaksen kont Epatit B a epi*
- b. *tès antikò yo montre gen pwoteksyon kont ajan patojèn yo, oswa*
- c. *yo refize vaksen an pou rezon medikal*

4. Fòmasyon

Yo ofri pwogram fòmasyon debaz ak anyèl yo pou tout anplwaye ki an kontak nan kad travay yo pou yon risk ki nòmal oswa wo. Fòmasyon sa a gen ladan:

1. Bay nouvo anplwaye yo Politik la
2. Bay yon kopi politik la pandan seyans oryantasyon an
3. Bay pwogram fòmasyon an gratis pou anplwaye a
4. Fè pwogram fòmasyon an nan lè travay yo
5. Dosye fòmasyon anplwaye yo ak kopi politik la konsève nan dosye pèsònèl anplwaye a.
6. Swen Pèsònèl VNS Health dwe bay yon lòt fòmasyon nan ka gen chanjman responsablite ak pwosedi, oswa nouvo responsablite ki gen efè sou posiblite ki genyen pou anplwaye a gen kontak nan kad travay li. Lòt fòmasyon an kapab konsantre sou nouvo posiblite pou gen kontak ki vin egziste.

5. **An Kontak ak San oswa ak Likid ki Soti nan Kò- Pwosedi Imedya pou Premye Tretman Anplwaye a**

- a. Byen lave, avèk savon ak dlo, tout pati ki gen kontak (sèlman dlo pou je).
- b. Rense pati ki ekspozé a avèk dlo.
- c. Nan ka gen kontak ak yon objè ki ka blese, yo dwe peze tou espas kote blese a ye pou l ka senyen pi fasil, epi lave l ak savon ak dlo.

Avi pou Sipèvizè a:

- a. Fè Sipèvizè a konnen tousuit anvan ou fè nenpòt lòt vizit kay kliyan an.
- b. Anplwaye a oswa Sipèvizè a gen enfòmasyon sou kliyan ki konsène a.
- c. Anplwaye a dwe rete disponib, nan telefòn, pou l jwenn konsèy sou swen medikal yo nan men Sèvis Sante Anplwaye yo.

6. **Jesyon Medikal Anrapò ak Swen Pou Suivi**

- a. Planifye: Nan nenpòt moman nan premye swen sant medikal la bay anplwaye a
- b. Suivi: Pa mwayen Konseye Sante Anplwaye yo pou garanti yon suivi medikal ki nòmal (sa vle di, tès nan 6 semèn, 6 mwa ak nan 12 mwa apre ensidan an)
- c. Evalyasyon: Sèvis Sante Anplwaye yo nan Swen Pèsònèl la jwenn kopi avi ekri founisè swen sante ki fè evalyasyon an nan 15 jou ki vin apre evalyasyon ekspozisyon ak yon aksidan an fini. Tout lòt rezilta oswa analiz pral rete konfidansyèl epi yo p ap nan avi ekri a.
- d. Kontak: Si yon anplwaye te an kontak ak VIH, HBV oswa lòt viris san an pote, anplwaye a dwe fè Enfimyè Sèvis Sante Anplwaye yo konnen tousuit, tout maladi grav, sitou maladi ki gen ladan lafyèv, gratèl, doulè miskilè, fatig, pa santi l byen, oswa anflamasyon glann lenfatik yo.

7. Konsèvasyon dosye

Pou ka ki gen kontak yo, Sèvis Sante Anplwaye yo mete sou pye epi kenbe yon dosye egzat pou chak anplwaye ki gen ladan:

- a. Non anplwaye a ak *nimewo sekirite sosyal li*
- b. Kopi *estati vaksinasyon kont Epatit B*
 - i. Dat vaksen kont Epatit B yo
 - ii. Dosye medikal ki gen rapò ak posiblite pou vaksinen.
- c. Kopi tout *rezilta* egzamen yo, tèst medikal ak pwosedi pou suivi ki nesèsè nan kad suivi apre yon kontak
- d. Kopi avi ekri *pwofesyonèl sante a*
- e. Kopi *enfòmasyon yo bay pwofesyonèl swen sante a* (dekri responsablite anplwaye ki gen kontak la nan ka gen ekspozisyon ak yon ensidan, dokiman anrapò ak wout pou gen kontak la epi ak referans tèst san pou moun nan).

Swen Pèsonèl la dwe gen asirans dosye medikal anplwaye sa yo:

- a. rete konfidansyèl
- b. pa pibliye oswa kominike san konsantman ekri anplwaye a bay okenn moun ki anndan oswa deyò espas travay la, sof jan seksyon sa a egzije l la, oswa jan lalwa gen dwa egzije l la, ann amoni ak pwosedi depatmantal yo.
- c. konsève pandan omwen dire travay la pou plis pase trant (30) ane.

8. Pèman Frè ki Gen Rapò ak Gen Kontak ak San oswa Likid ki Soti nan Kò

- a. Swen Pèsonèl la ap peye tout frè laboratwa medikal ak frè medikal ki apwouve yon anplwaye te merite peye apre yon kontak nan kad travay li.
- b. Yo dwe voye tout dèt ak fakti yo bay Sèvis Sante Anplwaye yo.

9. Revizyon peryodik

Swen Pèsonèl VNS Health dwe revize yon fason peryodik plan Kontwòl Ekspozisyon an, pou bay garanti sou presizyon ak evalyasyon efikasite li. Si sa nesèsè, dwe gen chanjman ki fèt.

PAWÒL KONKLIZYON

Manyèl sa a gen pou objektif bay HHA a yon gwo rezime enfòmasyon anrapò ak Swen Pèsonèl VNS Health. Enfòmasyon ki nan manyèl sa a gen yon karaktè ki jeneral epi, si gen kesyon, kontakte Sipèvizè a pou tout detay. Byenke nou gen entansyon pou n kenbe politik yo, lwa yo ak avantaj yo mansyone nan manyèl sa a, administrasyon Swen Pèsonèl VNS Health la kapab toujou modifye pwèn yo mansyone nan manyèl sa a, selon desizyon pèsonèl li sèlman. Tanpri pa ezite kontakte Sipèvizè a oswa Direktè Asosyasyon Komèsyal HR la pou tout kesyon anrapò ak Konpayi a, oswa politik ak pratik ki gen rapò ak pèsonèl la.